

The School Board of Broward County, Florida

Avi sou Pwosedì pou pwoteksyon Dwa Fanmi Elèv ak andikap 2021

(Notice of Procedural Safeguards for Parents of Students with Disabilities)



Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA), lwa federal konsènan edikasyon elèv ki gen andikap yo, mande pou lekòl yo ba ou, kòm paran yon timoun ki gen andikap, yon avi ki gen yon eksplikasyon konplè sou pwoteksyon pwosedi ki disponib dapre IDEA ak règleman Depatman Edikasyon Etazini an. Yo dwe ba ou yon kopi avi sa a yon sèl fwa nan yon (1) lane eskolè, eksepte yo dwe ba ou yon kopi tou: (1) nan moman premye rekòmandasyon an oswa demann evalyasyon w lan; (2) nan moman ou resevwa premye plent Eta ou a dapre Tit 34, seksyon 300.151 jiska 300.153, Kòd Règleman Federal (34 CFR §§300.151 jiska 300.153) ak nan moman ou resevwa premye plent pwosedi regilye a dapre §300.507 nan yon (1) lane lekòl; (3) lè yo pran yon desizyon pou pran yon mezi disiplinè kont pitit ou a ki gen ladan yon chanjman plasman; epi (4) sou demann ou. [§300.504(a)]

Avi sou pwoteksyon pwosedi sa a dwe gen ladan yon eksplikasyon konplè sou tout pwoteksyon pwosedi ki disponib dapre §300.148 (plasman inilateral yon timoun nan yon lekòl prive leta ap peye), §§300.151 jiska 300.153 (pwosedi plent Leta), §300.300 (konsantman paran yo), §§300.502 ak 300.503 (evalyasyon edikasyon endepandan ak avi alekri alavans), §§300.505 jiska 300.518 (lèt pwoteksyon pwosedi, pa egzanp, medyasyon, plent pou pwosè regilye, pwosesis rezolisyon, ak odyans san patipri pou pwosedi regilye), §§300.530 jiska 300.536 (pwoteksyon pwosedi nan Sou pati E nan règleman Pati B), ak §§300.610 jiska 300.625 (dispozisyon ki gen pou wè ak konfidansyalite enfòmasyon ki nan Sou pati F la). Yo te ajoute enfòmasyon espesifik Florida yo nan tout fòm modèl sa a epi bay yon fòm distri lekòl yo ka chwazi pou itilize pou bay paran yo enfòmasyon sou pwoteksyon pwosedi.

Depatman Edikasyon Etazini, Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal
Revizyon: Jen 2009; Revizyon Depatman Edikasyon Florida a: Out 2021

Sa ki Anndan Dokiman sa a

Enfòmasyon Jeneral	1
Avi ki Ekri Alavans	1
Lang Natif Natal	2
Imèl	2
Konsantman Paran - Definisyon	2
Konsantman Paran	3
Evalyasyon Edikasyon Endepandan	6
Konfidansyalite Enfòmasyon	9
Definisyon	9
Sa ki ka Idantifye w Pèsonèlman	9
Avi pou Paran yo	9
Dwa Pou Gen Aksè	10
Anrejistreman Aksè	10
Dosye sou Plis Pase Yon Timoun	11
Lis Kalite ak Anplasan Enfòmasyon yo	11
Frè	11
Modifikasyon Dosye yo sou Demann Paran an	11
Opòtinite pou yon Odyans	12
Pwosedir Odyans	12
Rezilta Odyans	12
Konsantman pou Divilgasyon Enfòmasyon ki Idantifye yon Moun	
Pèsonèlman	12
Pwoteksyon	13
Destriksyon Enfòmasyon	13
Pwosedir Plent Leta a	14
Diferans ki genyen ant Pwosedir pou Plent ak Odyans sou Pwosedir	
Regilye ak pou Plent Leta a	14
Adopsyon Pwosedir Plent Leta a	14
Pwosedir Plent Minimòm Leta a	15
Depoze yon Plent kont Leta	16
Pwosedir pou Pote Plent pou Pwosedir Regilye	17
Depoze yon Plent pou Pwosedir Regilye	17
Plent pou Pwosedir Regilye	17
Fòm Modèl	19
Medyasyon	20
Pwosesis Rezolisyon	21

Odyans sou Plent pou Pwosed Regilye	24
Odyans san Patipri sou Pwosed Regilye	24
Dwa pou Ale nan Odyans	25
Desizyon Odyans.....	26
Apèl	28
Finalite Desizyon; Apèl; Revizyon san Patipri.....	28
Delè ak Konvenyans Odyans ak Revizyon	28
Aksyon Sivil, ki Gen Ladan Delè pou Depoze Aksyon sa yo	28
Plasman Timoun nan Pandan Plent pou Pwosed Regilye a ak Odyans yo annatant	29
Frè Avoka yo.....	30
Pwosed Lè Gen Mezi Disiplinè Timoun ki gen Andikap.....	32
Otorite Pèsonèl Lekòl La.....	32
Chanjman Plasman Akòz Ranvwa Disiplinè	35
Detèminasyon Anviwònman	36
Apèl.....	36
Plasman Pandan Apèl yo.....	37
Pwoteksyon pou Timoun ki Poko Kalifye pou Edikasyon Espesyal ak Sèvis ki Asosye yo	37
Rekòmandasyon ak Aksyon Fòsdelòd yo ak Otorite Jidisyè yo	38
Egzijans pou Plasman Inilateral Paran Timoun nan Lekòl Prive nan Depans Piblik.....	40
Jeneral	40

ENFOMASYON JENERAL

AVI KI EKRI ALAVANS

34 CFR §300.503

Avi

Distri lekòl ou a dwe ba ou yon avi alekri (ba ou sèten enfòmasyon alekri), nan yon kantite tan rezonab anvan li:

1. Pwopoze pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikasyon pitit ou a, oswa dispozisyon yon edikasyon piblik apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE) gratis pou pitit ou a; **oswa**
2. Refize inisye oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikasyon pitit ou a, oswa dispozisyon yon FAPE pou pitit ou a.

Sa ki nan avi a

Avi alekri a dwe:

1. Dekri mezi distri lekòl ou a pwopoze a oswa refize pran;
2. Eksplike poukisa distri lekòl ou a pwopoze oswa refize pran mezi a;
3. Dekri chak pwosed evalyasyon, tès, dosye, oswa rapò distri lekòl ou a itilize pou decide pwopoze oswa refize mezi a;
4. Mete yon deklarasyon ou gen pwoteksyon dapre dispozisyon pwoteksyon pwosed Pati B IDEA a;
5. Di w kòman ou ka jwenn yon deskripsyon sou pwoteksyon pwosed yo si mezi distri lekòl ou a ap pwopoze oswa refize a se pa yon premye referans pou evalyasyon;
6. Mete resous pou ou kontakte pou jwenn èd pou konprann Pati B IDEA a;
7. Dekri nenpòt lòt opsyon Ekip pwogram edikasyon endividyalize (Individualized Education Program, IEP) pitit ou a te konsidere yo ak rezon ki fè yo te rejte opsyon sa yo; **ak**
8. Bay yon deskripsyon sou lòt rezon ki fè distri lekòl ou a pwopoze oswa refize mezi a.

Avi nan langaj konpreyansib

Avi a dwe:

1. Ekri nan langaj piblik jeneral la konprann; **ak**
2. Bay nan lang natif natal ou oswa lòt mòd komunikasyon ou itilize, sof si li klèman pa posib pou fè sa.

Si lang natif natal ou a oswa lòt mòd kominikasyon se pa yon lang ekri, distri lekòl ou a dwe asire:

1. Avi a tradui pou ou oralman oswa pa lòt mwayen nan lang natif natal ou oswa lòt mòd kominikasyon;
2. Ou konprann sa ki nan avi a; **ak**
3. Gen prèv alekri kote yo respekte kondisyon ki nan paragraf 1 ak 2 yo.

LANG NATIF NATAL

34 CFR §300.29

Lang natif natal, lè yo itilize li konsènan yon moun ki pa fin konprann Anglè, vle di bagay ki vin annapre yo:

1. Lang moun sa a nòmalman itilize a, oswa, nan ka yon timoun, lang paran timoun nan nòmalman itilize a;
2. Nan tout kontak dirèk ak yon timoun (ki gen ladan evalyasyon timoun nan), lang timoun nan itilize nòmalman nan kay la oswa nan anviwònman aprantisaj la.

Pou yon moun ki soud oswa avèg, oswa pou yon moun ki pa gen okenn lang ekri, mòd kominikasyon an se sa moun nan itilize nòmalman (tankou lang siy, bray, oswa kominikasyon oral).

IMEL

34 CFR §300.505

Si distri lekòl ou a ofri paran yo chwa pou yo resevwa dokiman nan imèl, ou ka chwazi pou resevwa bagay ki annapre yo nan imèl:

1. Anvan avi alekri a;
2. Avi sou Pwoteksyon Pwosedi; **ak**
3. Avi ki gen rapò ak yon plent pou pwosedi regilye.

KONSANTMAN PARAN - DEFINISYON

34 CFR §300.9

Konsantman

Konsantman vle di:

1. Yo te enfòmè w konplètman nan lang natif natal ou oswa lòt mòd kominikasyon (tankou lang siy, bray, oswa kominikasyon oral) sou tout enfòmasyon sou mezi w ap bay konsantman w pou li a.

2. Ou konprann epi dakò alekri ak mezi sa a, ak konsantman ki dekri mezi sa a epi ki bay lis dosye (si genyen) yo pral divilge ak pou moun; **ak**
3. Ou konprann konsantman an volontè bò kote pa ou epi ou ka anile konsantman ou an nenpòt ki lè.

Si ou vle revoke (anile) konsantman ou an apre pitit ou a te kòmanse resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, ou dwe fè sa alekri. Retrè konsantman ou an pa anile (anile) yon mezi yo te pran apre ou te bay konsantman ou, men anvan ou retire li. Anplis de sa, distri lekòl la pa oblije amande (chanje) dosye edikasyon pitit ou a pou retire nenpòt referans ki di pitit ou a te resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo apre retrè konsantman ou.

KONSANTMAN PARAN

34 CFR §300.300

Konsantman pou premye evalyasyon

Distri lekòl ou a pa ka fè yon premye evalyasyon sou pitit ou a pou detèmine si pitit ou a kalifye dapre Pati B IDEA pou resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo san li pa ba ou avi alekri alavans sou mezi yo pwopoze a epi jwenn konsantman ou jan sa dekri nan tit **Avi Alekri Alavans** ak **Konsantman Paran**.

Distri lekòl ou a dwe fè efò rezonab pou jwenn konsantman eklere ou pou yon premye evalyasyon pou deside si ou non pitit ou a se yon timoun ki gen yon andikap.

Konsantman ou pou premye evalyasyon an pa vle di ou te bay konsantman ou tou pou distri lekòl la kòmanse bay pitit ou a edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo.

Distri lekòl ou a pa gen dwa sèvi ak refi ou pou bay konsantman w pou yon (1) sèvis oswa aktivite ki gen rapò ak premye evalyasyon an kòm yon baz pou refize ou oswa pitit ou a nenpòt lòt sèvis, avantaj, oswa aktivite, sof si yon lòt kondisyon Pati B egzije distri lekòl la pou fè sa.

Si pitit ou a enskri nan lekòl piblik oswa w ap chèche enskri pitit ou a nan yon lekòl piblik epi ou te refize bay konsantman oswa ou pa t reponn a yon demann pou bay konsantman pou yon premye evalyasyon, distri lekòl ou a ka, men yo pa oblije, chèche fè yon premye evalyasyon pitit ou a lè yo sèvi avèk medyasyon IDEA a oswa plent pou pwosedi regilye, reyinyon rezolisyon, ak pwosedi odyans san patipri pou pwosedi regilye. Distri lekòl ou a p ap vyole obligasyon li yo pou lokalize, idantifye ak evalye pitit ou a si li pa pouswiv yon evalyasyon pitit ou a nan sikonsans sa yo.

Règleman espesyal pou premye evalyasyon minè ki sou responsabilite Leta a

Si yon timoun se yon minè ki sou responsabilite Leta a epi li p ap viv avèk paran li—

Distri lekòl la pa bezwen konsantman paran an pou yon premye evalyasyon pou detèmine si timoun nan se yon timoun ki gen yon andikap si:

1. Malgre efò rezonab pou fè sa, distri lekòl la pa ka jwenn paran timoun nan;

2. Dwa paran yo te sispann an akò avèk lwa Leta a; **oswa**
3. Yon jij te akòde yon moun ki pa paran an dwa pou l pran desizyon sou edikasyon epi moun sa te bay konsantman pou yon premye evalyasyon.

Minè ki sou responsabilite Leta a, jan yo itilize nan IDEA, vle di yon timoun ki, jan Leta a detèmine kote timoun nan ap viv, se:

1. Yon timoun adoptif;
2. Yo konsidere kòm yon minè ki sou responsabilite Leta a dapre lalwa Eta a; oswa Konsidere yon pawas nan Eta a anba lwa Leta a; **oswa**
3. Sou gad yon ajans piblik pwoteksyon timoun.

Gen yon (1) eksepsyon ou dwe konnen. *Minè ki sou responsabilite Leta a* pa gen ladan yon timoun adoptif ki gen yon paran adoptif ki reponn ak definisyon yon *paran* jan yo itilize l nan IDEA.

Konsantman paran pou sèvis yo

Distri lekòl ou a dwe jwenn konsantman eklere ou anvan yo bay pitit ou a edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa.

Distri lekòl la dwe fè efò rezonab pou jwenn konsantman eklere ou anvan yo bay pitit ou a edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa.

Si ou pa reponn yon demann pou bay konsantman ou pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa, oswa si ou refize bay konsantman sa a oswa annapre revoke (anile) konsantman ou a alekri, distri lekòl ou a ka pa sèvi ak pwoteksyon pwosed yo (sètadi, medyasyon, plent pou pwosed regilye, reyinyon rezolisyon, oswa yon odyans san patipri sou pwosed regilye) pou jwenn akò oswa yon desizyon pou yo ka bay pitit ou a edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo (rekòmande pa ekip IEP pitit ou a) san konsantman ou.

Si ou refize bay konsantman ou pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa, oswa si ou pa reponn yon demann pou bay konsantman sa a oswa annapre revoke (anile) konsantman alekri ou epi distri lekòl la pa bay pitit ou a edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye li te mande konsantman ou pou yo a, distri lekòl ou a:

1. P ap vyole egzijans pou mete yon FAPE disponib pou pitit ou a dèske li pa bay pitit ou a sèvis sa yo; **ak**
2. Pa oblije gen yon reyinyon IEP oswa devlope yon IEP pou pitit ou a pou edikasyon espesyal la ak sèvis ki asosye yo, yo te mande konsantman ou pou yo a.

Si ou revoke (anile) konsantman ou alekri nan nenpòt ki pwen apre yo fin bay pitit ou a edikasyon espesyal pou premye fwa ak sèvis ki asosye yo, lè sa a distri lekòl la pa ka kontinye bay sèvis sa yo, men li dwe ba ou avi alekri alavans, jan sa dekri nan tit **Avi Alekri Alavans**, anvan yo sispann sèvis sa yo.

Konsantman paran pou reyevalyasyon

Distri lekòl ou a dwe jwenn konsantman eklere ou anvan li reyevalye pitit ou a, sof si distri lekòl ou a ka demontre:

1. Li te pran mezi rezonab pou jwenn konsantman ou pou reyevalyasyon pitit ou a; **ak**
2. Ou pa reponn.

Si ou refize bay konsantman pou reyevalyasyon pitit ou a, distri lekòl la ka, men li pa oblije, pouswiv reyevalyasyon pitit ou a lè l sèvi avèk medyasyon an, plent pou pwosedi regilye, reyinyon rezolisyon, ak pwosedi odyans san patipri pwosedi regilye pou chèche pase sou desizyon refi bay konsantman w pou reyevalyasyon pitit ou a. Menm jan ak premye evalyasyon yo, distri lekòl ou a pa vyole obligasyon li yo nan Pati B IDEA si li refize pouswiv reyevalyasyon an nan fason sa a.

Dokimantasyon efò rezonab yo pou jwenn konsantman paran yo

Lekòl ou a dwe kenbe dokiman efò rezonab yo pou jwenn konsantman ou pou premye evalyasyon yo, pou bay edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa, pou yon reyevalyasyon, epi pou jwenn paran minè ki sou responsabilite Leta a pou premye evalyasyon yo. Dokimantasyon an dwe gen ladan yon anrejistreman sou tantativ distri lekòl la nan zòn sa yo, tankou:

1. Anrejistreman detaye apèl telefòn ki te fèt yo oswa ki te eseye fèt ak rezilta apèl sa yo;
2. Kopi korespondans yo voye ba ou a ak nenpòt repons ou te resevwa; **ak**
3. Anrejistreman detaye sou vizit yo te fè nan kay ou a oswa kote ou travay la ak rezilta vizit sa yo.

Lòt egzijans konsantman

Konsantman ou a pa obligatwa anvan distri lekòl ou an ka:

1. Revize done ki egziste deja yo kòm yon pati nan evalyasyon oswa yon reyevalyasyon pitit ou a; **oswa**
2. Bay pitit ou a yon tès oswa lòt evalyasyon yo bay tout timoun sof si, anvan tès oswa evalyasyon sa a, konsantman obligatwa nan men paran tout timoun yo.

Egzijans Konsantman ESPESIFIK POU FLORIDA

Nan Florida, yon paran dwe bay konsantman siyen pou bagay ki annapre yo:

- Yon elèv pou resevwa aranjman ansèyman yo pa t ap otorize nan evalyasyon nan tout eta a. Yon paran dwe rekonèt alekri li konprann enplikasyon aranjman sa yo.
- Yo dwe enstwi yon elèv sou nòm reyisit altènatif Florida yo epi yo dwe evalye li lè yo sèvi avèk evalyasyon Florida a sou nòm reyisit altènatif sa yo.
- Pou mete yon elèv nan yon sant edikasyon pou elèv eksepsyonèl.

Distri lekòl la dwe devlope ak aplike pwosedi pou asire refi pou bay konsantman ou pou nenpòt nan lòt sèvis ak aktivite sa yo pa lakòz yon echèk pou bay pitit ou a yon FAPE. Epi, distri lekòl ou a pa gen dwa sèvi ak refi ou pou bay konsantman w pou youn nan sèvis sa yo oswa aktivite kòm yon baz pou refize nenpòt lòt sèvis, avantaj, oswa aktivite, sof si yon lòt kondisyon Pati B egzije distri lekòl la pou fè sa.

Si ou enskri pitit ou a nan yon lekòl prive ak pwòp kòb ou oswa si se lakay ou fè lekòl pitit ou a, epi ou pa bay konsantman ou pou premye evalyasyon pitit ou a oswa reyevalyasyon pitit ou a, oswa ou pa rive reponn yon demann pou bay konsantman ou, distri lekòl la pa ka itilize pwosedi rezolisyon dispit li yo (sètadi, medyasyon, plent pou pwosedi regilye, reyinyon rezolisyon, oswa yon odyans pwosedi regilye san patipri) epi li pa oblije konsidere pitit ou a kòm kalifye pou resevwa sèvis ekitab (sèvis ki disponib pou kèk timoun ki gen andikap nan lekòl prive paran yo mete yo).

EVALYASYON EDIKASYON ENDEPANDAN

34 CFR §300.502

Jeneral

Jan sa dekri anba a, ou gen dwa pou jwenn yon evalyasyon edikasyon endepandan (Independent Educational Evaluation, IEE) pitit ou a si ou pa dakò ak evalyasyon pitit ou a distri lekòl ou a te jwenn lan.

Si ou mande yon IEE, distri lekòl la dwe ba ou enfòmasyon sou ki kote ou ka jwenn yon IEE epi enfòmasyon ou sou kritè distri lekòl la ki aplike pou IEE.

Definisyon

Evalyasyon edikasyon endepandan vle di yon evalyasyon yon egzaminatè kalifye te fè ki pa anplwaye nan distri lekòl ki responsab pou edikasyon pitit ou a.

Depans piblik vle di distri lekòl la swa peye pou frè konplè evalyasyon an oswa asire yo ba ou evalyasyon an otreman san frè,

kadre ak dispozisyon ki nan Pati B IDEA, ki pèmèt chak Eta itilize kèlkeswa sous sipò Leta, lokal, Federal, ak prive ki disponib nan Eta a pou reponn ak egzijans ki nan Pati B IDEA.

Dwa pou fè evalyasyon nan depans piblik yo

Ou gen dwa pou jwenn yon IEE pitit ou a nan depans piblik yo si ou pa dakò ak yon evalyasyon pitit ou a distri lekòl ou a te jwenn, sou rezèv kondisyon sa yo.

1. Si ou mande yon IEE pitit ou a nan depans piblik yo, distri lekòl ou a dwe, san reta nesèsè, swa: (a) Depoze yon plent pou pwosedi regilye pou mande yon odyans pou montre evalyasyon li pou pitit ou a apwopriye; oswa (b) Bay yon IEE nan depans piblik yo, sof si distri lekòl la demontre nan yon odyans, evalyasyon ou te jwenn pou pitit ou a pa reponn ak kritè distri lekòl la.
2. Si distri lekòl ou a mande yon odyans ak desizyon final la se evalyasyon distri lekòl ou a pou pitit ou a apwopriye, ou toujou gen dwa jwenn yon IEE, men se pa nan depans piblik yo.
3. Si ou mande yon IEE pitit ou a, distri lekòl la ka mande poukisa ou fè objeksyon kont evalyasyon pitit ou a distri lekòl ou a te jwenn lan. Sepandan, distri lekòl ou a ka pa egzije yon eksplikasyon epi li ka pa retade yon fason rezonab swa bay IEE pitit ou a nan depans piblik yo oswa depoze yon plent pou pwosedi regilye pou mande yon odyans sou pwosedi regilye pou defann evalyasyon pitit ou a distri lekòl la te fè.

Ou gen dwa pou jwenn yon sèl IEE pitit ou a nan depans piblik yo chak fwa distri lekòl ou a fè yon evalyasyon pitit ou a ou pa dakò.

Evalyasyon paran yo inisyè

Si ou jwenn yon IEE pitit ou a nan depans piblik yo oswa ou pataje avèk distri lekòl la yon evalyasyon pitit ou a ou te jwenn nan depans prive:

1. Distri lekòl ou a dwe konsidere rezilta evalyasyon pitit ou a, si li reponn ak kritè distri lekòl la pou IEE, nan nenpòt desizyon ki pran konsènan dispozisyon yon FAPE pou pitit ou a; ak
2. Ou menm oswa distri lekòl ou a ka prezante evalyasyon an kòm prèv nan yon odyans sou pwosedi regilye konsènan pitit ou a.

Demann evalyasyon ofisye odyans yo fè

Si yon ofisye odyans mande yon IEE pitit ou a kòm yon pati nan yon odyans sou pwosedi regilye, depans evalyasyon an dwe nan depans piblik yo.

Kritè distri lekòl la

Si yon IEE nan depans piblik yo, kritè yo jwenn evalyasyon an dapre li a, ki gen ladan kote evalyasyon an ap fèt la ak kalifikasyon egzaminatè a, yo dwe menm ak kritè distri lekòl la itilize lè l ap lanse yon evalyasyon (nan limit kritè sa yo konpatib avèk dwa w pou jwenn yon IEE).

Eksepte pou kritè ki dekri anwo a, yon distri lekòl pa ka enpoze kondisyon oswa delè ki gen rapò ak jwenn yon IEE nan depans piblik la.

KONFIDANSYALITE ENFOMASYON

DEFINISYON

34 CFR §300.611

Jan yo itilize l anba tit **Konfidansyalite Enfòmasyon**:

- *Destriksyon* vle di destriksyon fizik oswa retire idantifyan pèsònèl yo nan enfòmasyon yo pou enfòmasyon yo pa idantifye w pèsònèlman ankò.
- *Dosye Edikasyon* vle di kalite dosye ki kouvri nan definisyon "dosye edukasyon" nan 34 CFR Pati 99 (règleman ki aplike Dwa Edikasyon Fanmi ak Lwa sou Konfidansyalite 1974, 20 U.S.C. 1232g (FERPA)).
- *Ajans patisipan* vle di nenpòt distri lekòl, ajans oswa enstitisyon ki kolekte, kenbe, oswa itilize enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsònèlman, oswa enfòmasyon yo jwenn nan men li, dapre Pati B IDEA.

SA KI KA IDANTIFYE W PESONELMAN

34 CFR §300.32

Sa ki ka idantifye w pèsònèlman vle di enfòmasyon ki gen ladan:

- (a) Non pitit ou a, non ou kòm paran, oswa non yon lòt manm fanmi an;
- (b) Adrès pitit ou a;
- (c) Yon idantifyan pèsònèl, tankou nimewo sekirite sosyal pitit ou a oswa nimewo elèv la; oswa
- (d) Yon lis karakteristik pèsònèl oswa lòt enfòmasyon ki t ap fè li posib pou idantifye pitit ou a avèk sètitud rezonab.

AVI POU PARAN YO

34 CFR §300.612

Ajans Edikasyon Leta a dwe bay yon avi ki adekwa pou enfòmè paran yo nèt sou konfidansyalite enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsònèlman, tankou:

1. Yon deskripsyon nan mezi yo bay avi a ladan an nan lang natif natal divès gwoup popilasyon nan Eta a;
2. Yon deskripsyon timoun yo, yo konsève enfòmasyon ki idantifye yo pèsònèlman, kalite enfòmasyon yo chèche yo, metòd Eta a gen entansyon itilize nan ranmase enfòmasyon yo (ki gen ladan sous kote yo ranmase enfòmasyon yo), ak jan yo dwe fè itilizasyon enfòmasyon yo;

3. Yon rezime politik ak pwosed ajans k ap patisipe yo dwe swiv konsènan estokaj, divilgasyon bay lòt pati, retansyon, ak destriksyon enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsònèlman; **ak**
4. Yon deskripsyon tout dwa paran yo ak timoun yo konsènan enfòmasyon sa a, ki gen ladan dwa dapre FERPA ak règleman aplikasyon li yo nan 34 CFR Pati 99.

Anvan nenpòt gwo aktivite pou idantifye, lokalize, oswa evalye timoun ki bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo (yo rele tou "chèche timoun"), avi a dwe pibliye oswa anonse nan jounal oswa lòt medya, oswa toulede, ak sikilasyon adekwat pou notifye paran yo nan tout Eta a sou aktivite sa yo.

DWA POU GEN AKSE

34 CFR §300.613

Ajans k ap patisipe a dwe pèmèt ou enspekte ak revize nenpòt dosye edikasyon ki gen rapò ak pitit ou a distri lekòl ou a kolekte, konsève oswa itilize nan Pati B IDEA. Ajans k ap patisipe a dwe konfòme li avèk demann ou an pou enspekte ak revize nenpòt dosye edikasyon sou pitit ou a san reta ki pa nesèsè ak anvan okenn reyinyon konsènan yon IEP, oswa nenpòt odyans san patipri sou pwosed regilye (ki gen ladan yon reyinyon rezolisyon oswa yon odyans konsènan disiplin), epi nan okenn ka plis pase 45 jou kalandriye apre ou te fè yon demann.

Dwa ou pou enspekte ak revize dosye edikasyon gen ladan:

1. Dwa ou pou jwenn yon repons nan men ajans k ap patisipe a pou demann rezonab ou yo pou eksplikasyon ak entèpretasyon dosye yo;
2. Dwa ou pou mande ajans k ap patisipe a bay kopi dosye yo si ou pa kapab enspekte ak revize dosye yo efektivman sof si ou resevwa kopi sa yo; **ak**
3. Dwa ou genyen pou reprezantan ou a enspekte ak revize dosye yo.

Ajans k ap patisipe a ka sipoze ou gen otorite pou enspekte ak revize dosye ki gen rapò ak pitit ou a sof si yo enfòm yo ou pa gen otorite dapre lwa Eta aplikab ki gouvènè zafè sa yo tankou responsabite gad legal, separasyon, ak divòs.

ANREJISTREMAN AKSE

34 CFR §300.614

Chak ajans k ap patisipe dwe kenbe yon dosye sou pati ki jwenn aksè nan dosye edikasyon yo kolekte, konsève, oswa itilize yo dapre Pati B IDEA (eksepte aksè paran ak anplwaye yo otorize yo nan ajans k ap patisipe a), ki gen ladan non pati a, dat yo bay aksè a, ak objektif yo otorize pati a itilize dosye yo.

DOSYE SOU PLIS PASE YON TIMOUN

34 CFR §300.615

Si nenpòt dosye edikasyon gen ladan enfòmasyon sou plis pase yon timoun, paran timoun sa yo gen dwa pou enspekte ak revize sèlman enfòmasyon ki gen rapò ak pitit yo a oswa pou yo enfòme yo sou enfòmasyon espesifik sa yo.

LIS KALITE AK ANPLASMAN ENFOMASYON YO

34 CFR §300.616

Sou demann, chak ajans k ap patisipe dwe ba ou yon lis kalite ak anplasman dosye edikasyon ajans lan kolekte, konsève oswa itilize.

FRE

34 CFR §300.617

Chak ajans k ap patisipe ka fè w peye yon frè pou kopi dosye yo te fè pou ou daprè Pati B IDEA, si frè a pa efektivman anpeche w egzèse dwa w pou enspekte ak revize dosye sa yo.

Yon ajans k ap patisipe pa ka chaje yon frè pou chèche oswa pou rekipere enfòmasyon daprè Pati B IDEA.

MODIFIKASYON DOSYE YO SOU DEMANN PARAN AN

34 CFR §300.618

Si ou kwè enfòmasyon ki nan dosye edikasyon konsènan pitit ou a yo kolekte, konsève, oswa itilize daprè Pati B IDEA a kòrèk, ka twonpe, oswa vyole vi prive oswa lòt dwa pitit ou a, ou ka mande ajans k ap patisipe a ki kenbe enfòmasyon yo pou chanje enfòmasyon an.

Ajans k ap patisipe a dwe deside si l ap chanje enfòmasyon yo an akò avèk demann ou an nan yon peryòd tan rezonab ou resevwa demann ou an.

Si ajans k ap patisipe a refize chanje enfòmasyon yo an akò avèk demann ou an, li dwe enfòme w sou refi a epi fè w konnen dwa w pou yon odyans jan sa dekri nan tit

Opòtinite pou yon Odyans.

OPOTINITE POU YON ODYANS

34 CFR §300.619

Ajans k ap patisipe a dwe, sou demann, ba ou yon opòtinite pou yon odyans pou konteste enfòmasyon nan dosye edikasyon konsènan pitit ou a pou asire li pa kòrèk, ki twonpe moun, oswa otreman nan vyolasyon vi prive oswa lòt dwa pitit ou a.

PWOSEDI ODYANS

34 CFR §300.621

Yon odyans pou konteste enfòmasyon nan dosye edikasyon an dwe fèt selon pwosed

REZILTA ODYANS

34 CFR §300.620

Si, kòm rezilta odyans lan, ajans k ap patisipe a deside enfòmasyon an pa kòrèk, ka twonpe moun oswa otreman nan vyolasyon vi prive oswa lòt dwa pitit ou a, li dwe chanje enfòmasyon yo kòmsadwa epi enfòm w alekri.

Si, kòm rezilta odyans lan, ajans k ap patisipe a deside enfòmasyon an kòrèk, pa ka twonpe moun oswa otreman nan vyolasyon vi prive oswa lòt dwa pitit ou a, li dwe enfòm w sou dwa w pou mete nan dosye li kenbe yon deklarasyon sou pitit ou a ki fè kòmantè sou enfòmasyon an oswa bay nenpòt rezon ki fè ou pa dakò ak desizyon ajans k ap patisipe a.

Esplikasyon sa a yo mete nan dosye pitit ou a dwe:

1. Se pou ajans k ap patisipe a konsève l kòm yon pati nan dosye pitit ou a toutotan se ajans k ap patisipe a kenbe dosye a oswa pèsyon ki konteste a.; **and**
2. Si ajans k ap patisipe a divilge dosye pitit ou a oswa enfòmasyon ki konteste a bay nenpòt ki pati, eksplikasyon an dwe divilge tou bay pati sa a.

KONSANTMAN POU DIVILGASYON ENFOMASYON KI IDANTIFYE YON MOUN PESONELMAN

34 CFR §300.622

Sof si enfòmasyon ki nan dosye edikasyon, epi yo otorize divilgasyon an san konsantman paran yo dapre FERPA, yo dwe jwenn konsantman ou anvan yo divilge enfòmasyon ki idantifye w pèsoneyman bay pati ki pa ofisyèl ajans k ap patisipe yo. Eksepte nan sikonstans yo espesifye anba a, konsantman ou pa obligatwa anvan enfòmasyon ki idantifye w pèsoneyman divilge bay ofisyèl ajans k ap patisipe nan bi pou reponn ak yon kondisyon Pati B IDEA.

Yo dwe jwenn konsantman ou, oswa konsantman yon timoun ki kalifye ki rive nan laj majorite dapre lwa Eta a anvan yo divilge enfòmasyon ki idantifye w pèsònèlman bay ofisyèl ajans k ap patisipe yo ki bay oswa peye pou sèvis tranzisyon yo.

Si pitit ou a nan, oswa ale nan, yon lekòl prive ki pa nan menm distri lekòl ou abite a, yo dwe jwenn konsantman ou anvan nenpòt enfòmasyon pèsònèl ki idantifye pitit ou a divilge ant ofisyèl nan distri lekòl la ak kote lekòl prive a ye a ak ofisyèl nan distri lekòl kote ou rete a.

PWOTEKSYON

34 CFR §300.623

Chak ajans k ap patisipe dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsònèlman nan etap koleksyon, estokaj, divilgasyon, ak destriksyon yo.

Yon ofisyèl nan chak ajans k ap patisipe dwe asime responsablite pou asire konfidansyalite nenpòt enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsònèlman.

Tout moun k ap kolekte oswa itilize enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsònèlman dwe resevwa fòmasyon oswa enstriksyon konsènan règleman ak pwosedi Eta w la konsènan konfidansyalite dapre Pati B IDEA ak FERPA.

Chak ajans k ap patisipe dwe kenbe, pou enspeksyon piblik, yon lis aktyèl non ak pozisyon anplwaye sa yo nan ajans lan ki ka gen aksè ak enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsònèlman.

DESTRIKSYON ENFOMASYON

34 CFR §300.624

Distri lekòl ou a dwe enfòme w lè enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsònèlman yo kolekte, konsève, oswa itilize dapre Pati B IDEA a pa nesesè ankò pou bay pitit ou a sèvis edikasyon.

Enfòmasyon yo dwe detwi sou demann ou. Sepandan, yo ka konsève yon dosye pèmanan non, adrès, ak nimewo telefòn pitit ou a, nòt li, relve prezans li, kou li swiv, klas li pase deja, ak ane li fini san limitasyon tan.

PWOSEDI PLENT LETA A

DIFERANS KI GENYEN ANT PWOSEDI POU PLENT AK ODYANS SOU PWOSEDI REGILYE AK POU PLENT LETA A

Règleman pou Pati B IDEA etabli pwosed

separe pou plent Leta a ak pou plent ak odyans pou pwosed

regilye. Jan yo eksplike sa anba a, nenpòt moun oswa òganizasyon ka depoze yon plent Leta ki akize yon distri lekòl la, Ajans Edikasyon Leta a, oswa nenpòt lòt ajans piblik vyole tout egzijans pati B. Se sèlman ou menm oswa yon distri lekòl ki ka pote yon plent pou pwosed

regilye sou nenpòt kesyon ki gen rapò ak yon pwopozisyon oswa yon refi pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikasyon yon timoun ki gen yon andikap, oswa dispozisyon yon FAPE pou timoun nan. Pandan anplwaye Ajans Edikasyon Leta a jeneralman dwe rezoud yon plent Eta a nan yon delè 60 jou kalandriye, sof si delè a byen pwolonje, yon ofisye odyans san patipri dwe tandè yon plent pwosed

regilye (si li pa rezoud nan yon reyinyon rezolisyon oswa atravè medyasyon) epi bay yon desizyon alekri nan lespas 45 jou kalandriye apre fen peryòd rezolisyon an, jan sa dekri nan dokiman sa a anba tit Pwosesis Rezolisyon an, sòf si ofisye odyans lan akòde yon ekstansyon espesifik delè sou demann ou an oswa sou demann distri lekòl la. Plent Eta a ak plent pwosed

regilye, rezolisyon ak pwosed

odyans yo dekri plis an detay anba a. Ajans Edikasyon Leta a dwe devlope fòm modèl pou ede ou pote yon plent pou pwosed

regilye epi ede ou menm oswa lòt pati yo pote yon plent nan Leta jan sa dekri nan ribrik **Fòm Modèl**.

ADOPSYON PWOSEDI PLENT LETA A

34 CFR §300.151

Jeneral

Chak Ajans Edikasyon Leta dwe gen pwosed

alekri pou:

1. Rezoud nenpòt plent, ki gen ladan yon plent yon òganizasyon oswa yon moun ki soti nan yon lòt Eta depoze;
2. Depo yon plent nan Ajans Edikasyon Leta a;
3. Divilge byen laj pwosed

Rekou pou refi sèvis ki apwopriye yo

Nan rezolisyon yon plent Leta a kote Ajans Edikasyon Eta a te jwenn yon mank nan bay sèvis ki apwopriye, Ajans Edikasyon Eta a dwe trete:

1. Pa rive bay sèvis ki apwopriye, ki gen ladan aksyon korektif ki apwopriye pou trete bezwen timoun nan (tankou sèvis konpansasyon oswa ranbousman lajan); **ak**
2. Pwovizyon sèvis ki apwopriye nan tan k ap vini yo pou tout timoun ki gen andikap yo.

PWOSEDI PLENT MINIMOM LETA A

34 CFR §300.152

Tan limit; pwosed

Chak Ajans Edikasyon Leta a dwe mete nan pwosed plent Leta li yo yon limit tan 60 jou kalandriye apre yo fin depoze yon plent nan:

1. Mennen yon ankèt endepandan sou plas, si Ajans Edikasyon Leta a detèmine yon ankèt nesèsè;
2. Bay moun ki pote plent lan opòtinite pou soumèt plis enfòmasyon, swa oralman oswa alekri, sou akizasyon ki nan plent lan;
3. Bay distri lekòl la oswa lòt ajans piblik opòtinite pou reponn kont plent lan, ki gen ladan, omwen: (a) nan chwa ajans lan, yon pwopozisyon pou rezoud plent lan; ak (b) yon opòtinite pou yon paran ki te depoze yon plent ak pou ajans lan dakò volontèman angaje li nan medyasyon;
4. Revize tout enfòmasyon enpòtan yo epi fè yon detèminasyon endepandan pou konnen si distri lekòl la oswa lòt ajans piblik ap vyole yon kondisyon Pati B IDEA; **ak**
5. Bay moun ki pote plent lan yon desizyon alekri ki abòde chak akizasyon nan plent lan epi ki genyen: (a) konsta reyalite ak konklizyon; **ak** (b) rezon ki fè Ajans Edikasyon Leta a pran desizyon final la.

Pwolongasyon delè; desizyon final; aplikasyon

Epitou Pwosed Ajans Edikasyon Leta a yo dekri anwo a dwe:

1. Otorize yon ekstansyon delè 60 jou kalandriye sèlman si: (a) li egziste sikonstans eksepsyonèl ki gen rapò ak yon plent patikilye Leta a; **oswa** (b) ou menm ak distri lekòl la oswa lòt ajans piblik ki enplike volontèman dakò pou pwolonje delè a pou rezoud pwoblèm lan atravè medyasyon oswa mwayen altènatif pou rezoud dispit, si sa disponib nan Eta a.
2. Mete pwosed pou aplikasyon efikas desizyon final Ajans Edikasyon Leta a, si sa nesèsè, ki gen ladan: (a) aktivite asistans teknik; (b) negosyasyon; **ak** (c) aksyon korektif pou atenn konfòmite.

Plent Leta ak odyans sou pwosed regilye

Si yo resevwa yon plent Leta a alekri epitou ki se objè yon odyans sou pwosed regilye jan sa dekri anba tit **Depoze yon Plent pou Pwosed Regilye**, oswa plent Leta a gen plizyè pwoblèm kote youn oswa plizyè fè pati yon odyans konsa, Leta a dwe mete sou kote nenpòt pati nan plent Leta a yo te abòde nan odyans sou pwosed regilye a jiskaske odyans lan fini. Nenpòt pwoblèm nan plent Leta a ki pa yon pati nan odyans pou pwosed regilye a dwe rezoud avèk delè ak pwosed yo dekri anwo a.

Si yon pwoblèm yo te sòlve nan yon plent Leta a te deja retranche nan yon odyans sou pwosed regilye ki enplike menm pati yo (tankou, ou menm ak distri lekòl la), Lè sa a, desizyon odyans sou pwosed regilye a obligatwa sou pwoblèm sa a ak Ajans Edikasyon Leta a dwe enfòm moun ki pote plent lan pou di desizyon an obligatwa.

Ajans Edikasyon Leta a dwe rezoud yon plent ki deklare echèk yon distri lekòl la oswa lòt ajans piblik pou aplike yon desizyon odyans sou pwosed regilye.

DEPOZE YON PLENT KONT LETA**34 CFR §300.153**

Yon òganizasyon oswa yon moun ka depoze yon plent alekri ki siyen kont Leta dapre pwosed ki dekri anwo yo.

Plent kont Leta a dwe gen ladan:

1. Yon deklarasyon ki di yon distri lekòl oswa yon lòt ajans piblik te vyole yon egzijans Pati B nan IDEA oswa règleman aplikasyon li yo nan 34 CFR Pati 300;
2. Reyalyte deklarasyon an chita sou li a;
3. Siyati ak enfòmasyon pou kontakte pati ki pote plent lan; ak
4. Si w pretann yon timoun espesifik fè vyolasyon:
 - (a) Non timoun nan ak adrès rezidans timoun nan;
 - (b) Non lekòl timoun nan ye a;
 - (c) Nan ka yon timoun sanzabri oswa jèn, enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan, ak non lekòl timoun nan ale ladan an;
 - (d) Yon deskripsyon sou nati pwoblèm timoun nan, ki gen ladan reyalyte ki gen rapò ak pwoblèm nan; **ak**
 - (e) Yon rezolisyon yo pwopoze pou pwoblèm nan nan mezi yo konnen l ak nan mezi li disponib pou pati k ap depoze plent lan nan moman plent lan depoze a.

Plent lan dwe pretann yon vyolasyon ki te fèt nan mwens ke yon ane anvan dat yo te resevwa plent lan jan sa dekri anba tit **Adopsyon Pwosed Plent Leta a**.

Pati ki depoze plent Leta a dwe voye yon kopi plent lan bay distri lekòl la oswa lòt ajans piblik k ap sèvi timoun nan an menm tan pati a depoze plent lan nan Ajans Edikasyon Leta a.

PWOSEDI POU POTE PLENT POU PWOSEDI REGILYE

DEPOZE YON PLENT POU PWOSEDI REGILYE

34 CFR §300.507

Jeneral

Ou menm oswa distri lekòl la ki ka pote yon plent pou pwosed regilye sou nenpòt kesyon ki gen rapò ak yon pwopozisyon oswa yon refi pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikasyon timoun ou an, oswa dispozisyon yon FAPE pou timoun ou an.

Plent pou pwosed regilye a dwe pretann yon vyolasyon ki te pase pa plis pase de (2) lane anvan oumenm oswa distri lekòl la te konnen oswa ta dwe konnen sou aksyon yo pretann ki fòme baz plent pou pwosed regilye a.

Delè ki anwo a pa aplike pou ou si ou pa t kapab depoze yon plent pou pwosed regilye nan delè a paske:

1. Distri lekòl la notaman mal rapòte li te rezoud pwoblèm yo idantifye nan plent lan; oswa
2. Distri lekòl la te kenbe enfòmasyon li te dwe ba ou sou ou dapre Pati B IDEA.

Enfòmasyon pou paran yo

Distri lekòl la dwe enfòme ou sou nenpòt ki sèvis legal gratis oswa ki pa koute chè ak lòt sèvis ki enpòtan ki disponib nan zòn nan si ou mande enfòmasyon yo, oswa si ou menm oswa distri lekòl la depoze yon plent pou pwosed regilye.

PLENT POU PWOSEDI REGILYE

34 CFR §300.508

Jeneral

Pou mande yon odyans, ou menm oswa distri lekòl la (oswa avoka w la oswa avoka distri lekòl la) dwe soumèt yon plent pou pwosed regilye bay lòt pati a. Plent sa a dwe gen tout kontni ki nan lis anba a epi li dwe rete konfidansyèl.

Nenpòt moun ki depoze plent lan, li dwe bay Ajans Edikasyon Leta a yon kopi plent lan tou.

Sa ki nan plent lan

Plent pou pwosed regilye a dwe gen ladan:

1. Non timoun nan;
2. Adrès rezidans timoun nan;

3. Non lekòl timoun nan;
4. Si timoun nan se yon timoun ki sanzabri oswa jèn, enfòmasyon kontak timoun nan ak non lekòl timoun nan;
5. Yon deskripsyon sou nati pwoblèm timoun nan ki gen rapò ak mezi yo pwopoze a oswa refize a, ki gen ladan reyalyte ki gen rapò ak pwoblèm nan; **ak**
6. Yon rezolisyon yo pwopoze pou pwoblèm nan nan mezi yo konnen l ak nan mezi li disponib pou pati k ap depoze plent lan (oumenm oswa distri lekòl la) nan moman an.

Avi obligatwa anvan yon odyans sou yon plent pou pwosedi regilye

Ou menm oswa distri lekòl la ka pa gen yon odyans sou pwosedi regilye jiskaske ou menm oswa distri lekòl la (oswa avoka w la oswa avoka distri lekòl la) depoze yon plent pou pwosedi regilye ki gen ladan enfòmasyon ki nan lis pi wo a.

Sifizans plent lan

Pou yon plent pwosedi regilye ale pi devan, yo dwe konsidere li kòm yon bagay ki ase. Y ap konsidere plent pou pwosedi regilye a kòm yon bagay ki ase (dèske li te satisfè kondisyon kontni ki anwo yo) sof si pati k ap resevwa plent pou pwosedi regilye a (ou menm oswa distri lekòl la) enfòmè ofisye odyans lan ak lòt pati a alekri, nan lespas 15 jou kalandriye apre ou resevwa plent, pati k ap resevwa a kwè plent pou pwosedi regilye a pa satisfè kondisyon ki parèt anwo a.

Nan lespas senk (5) jou kalandriye apre w resevwa notifikasyon ki di pati k ap resevwa a (oumenm oswa distri lekòl la) konsidere yon plent pou pwosedi regilye pa ase, ofisye odyans lan dwe deside si plent pou pwosedi regilye a satisfè kondisyon ki parèt anwo a, epi enfòmè oumenm ak distri lekòl la alekri imedyatman.

Modifikasyon plent lan

Ou menm oswa distri lekòl la ka fè chanjman nan plent la sèlman si:

1. Lòt pati a apwouve chanjman sa yo alekri epi yo bay yo chans pou rezoud plent pou pwosedi regilye a nan yon reyinyon rezolisyon, ki dekri anba tit la **Pwosesis Rezolisyon; oswa**
2. Pa pi ta pase senk (5) jou anvan kòmansman odyans pwosedi regilye a, ofisye odyans lan bay pèmasyon pou chanjman yo fèt.

Si pati ki pote plent lan (oumenm oswa distri lekòl la) fè chanjman nan plent pou pwosedi regilye a, delè pou reyinyon rezolisyon an (nan lespas 15 jou kalandriye apre li resevwa plent lan) ak peryòd tan pou rezolisyon an (nan lespas 30 jou sivil apre li resevwa plent lan) kòmanse ankò nan dat yo depoze plent ki chanje a.

Ajans lokal edikasyon an oswa repons distri lekòl la kont yon plent pou pwosedi regilye

Si distri lekòl la pa voye yon avi alekri ba ou, jan sa dekri anba tit **Avi Alekri Alavans**, konsènan sijè ki nan plent pou pwosedi reegilye w la, distri lekòl la dwe, nan lespas 10

jou kalandriye apre li resevwa plent pou pwosed regilye a, voye ba ou yon repons ki gen ladan:

1. Yon eksplikasyon sou rezon ki fè distri lekòl la pwopoze oswa refize pran mezi yo sòlve nan plent pou pwosed regilye a;
2. Yon deskripsyon lòt opsyon Ekip IEP pitit ou a te konsidere epi rezon poukisa yo te rejte opsyon sa yo;
3. Yon esplikasyon sou chak pwosed evalyasyon, tès, dosye oubyen rapò distri lekòl la te itilize kòm baz pou mezi yo pwopoze oubyen mezi yo rejte a; **ak**
4. Yon deskripsyon lòt faktè ki apwopriye ak mezi distri lekòl la pwopoze oswa refize a.

Bay enfòmasyon ki nan atik 1 jiska 4 ki pi wo a pa anpeche distri lekòl la deklare plent pou pwosed regilye w la pa t ase.

Repons yon lòt pati kont yon plent pou pwosed regilye

Eksepte jan yo deklare sa anba soutit la imedyatman pi wo a, **repons ajans edikasyon lokal la oswa repons distri lekòl la kont yon plent pwosed regilye**, pati k ap resevwa yon plent pwosed regilye a dwe, nan lespas 10 jou kalandriye apre li resevwa plent lan, voye yon repons bay lòt pati a ki espesyalman abòde pwoblèm ki nan plent lan.

Egzijans Pwosed Regilye ESPESIFIK POU FLORIDA

Anplis de sa epi ann akò avèk seksyon 1008.212, Lwa Florida yo, nan ka kote direktè distri lekòl ou a mande pou yo bay pitit ou a ak Komisè Edikasyon ki refize demann sa a yon ekzanpsyon ekstraòdinè patisipasyon nan yon evalyasyon leta, ou gen dwa pou mande yon odyans pwosed regilye akselere. Demann sa a ta dwe fèt nan Depatman Edikasyon Florida a ki ta dwe apre sa depoze demann pou pwosed regilye a nan Divizyon Odyans Administratif nan Florida.

FOM MODEL

34 CFR §300.509

Ajans Edikasyon Leta a dwe devlope fòm modèl pou ede ou pote yon plent pou pwosed regilye epi ede ou menm oswa lòt pati yo pote yon plent nan Leta jan sa dekri nan ribrik Fòm Modèl. Sepandan, Eta w la oswa distri lekòl la pa ka mande pou itilize fòm modèl sa yo. An reyalye, ou ka itilize fòm modèl la oswa yon lòt fòm ki apwopriye, toutotan li gen enfòmasyon ki nesèse pou depoze yon plent pou pwosed regilye oswa yon plent Leta.

MEDYASYON

34 CFR §300.506

Jeneral

Distri lekòl la dwe devlope pwosed ki fè medyasyon disponib pou pèmèt oumenm ak distri lekòl la rezoud dezakò ki enplike nenpòt zafè dapre Pati B IDEA, ki gen ladan zafè ki rive anvan yo te depoze yon plent pou pwosed regilye. Kidonk, medyasyon ki disponib pou rezoud konfli dapre Pati B IDEA, kit wi ou non ou depoze yon plent pou pwosed regilye pou mande yon odyans pou pwosed regilye jan sa dekri anba tit ***Depoze yon Plent pou Pwosed Regilye***.

Egzijans

Pwosed ki dwe asire pwosesis medyasyon an:

1. Volontè bò kote w ak bò kote distri lekòl la;
2. Pa sèvi pou refize oswa retade dwa ou pou yon odyans sou pwosed regilye, oswa pou refize nenpòt lòt dwa yo bay dapre Pati B IDEA; **ak**
3. Se yon medyatè ki kalifye epi ki san patipri ki pran fòmasyon nan teknik medyasyon efikas ki mennen li.

Distri lekòl la ka devlope pwosed ki ofri paran yo ak lekòl ki chwazi pou yo pa itilize pwosesis medyasyon an, yon opòtinite pou rankontre, nan yon lè ak yon kote ki bon pou ou, ak yon pati ki pa enterese:

1. Ki sou kontra avèk yon antite ki apwopriye pou rezolisyon dispit altènatif, oswa yon sant fòmasyon ak enfòmasyon pou paran oswa yon sant resous kominotè pou paran nan Eta a; **ak**
2. Ki ta ka eksplike ou avantaj yo, epi ankouraje pou sèvi ak, pwosesis medyasyon an.

Leta dwe kenbe yon lis moun ki se medyatè kalifye epi ki konnen lwa ak règleman ki gen rapò ak dispozisyon edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo. Ajans Edikasyon Leta a dwe chwazi medyatè sou yon baz o aza, wotasyon, oswa lòt baz san patipri.

Leta responsab pou depans pwosesis medyasyon an, tankou depans pou reyinyon yo.

Chak reyinyon nan pwosesis medyasyon an dwe pwograme alè epi fèt nan yon kote ki bon pou ou ak distri lekòl la.

Si oumenm ak distri lekòl la rezoud yon dispit atravè pwosesis medyasyon an, toulede pati yo dwe antre nan yon akò ki obligatwa legalman ki etabli rezolisyon an ak:

1. Deklare tout diskisyon ki te fèt pandan pwosesis medyasyon an ap rete konfidansyèl epi yo pa dwe itilize yo kòm prèv nan okenn odyans pwosed regilye oswa pwosed sivil annapre (pwosè); **ak**
2. Ou menm ak yon reprezantan distri lekòl la ki gen otorite pou lye distri lekòl la siyen li.

Yon akò medyasyon alekri, ki siyen, kapab egzekite nan nenpòt tribinal Leta ki gen jiridiksyon konpetan (yon tribinal ki gen otorite dapre lwa Eta a pou tande kalite ka sa a) oswa nan yon tribinal distri Etazini.

Diskisyon ki te fèt pandan pwosesis medyasyon an dwe rete konfidansyèl. Yo pa kapab itilize yo kòm prèv nan okenn odyans nan tan k ap vini yo oswa pwosedi sivil nan nenpòt tribinal Federal oswa tribinal Leta nan yon Eta k ap resevwa asistans dapre Pati B IDEA.

Netralite medyatè a

Medyatè a:

1. Pa ka yon anplwaye Ajans Edikasyon Leta a oswa distri lekòl la ki patisipe nan edikasyon oswa swen pitit ou a; **ak**
2. Pa dwe gen yon enterè pèsonèl oswa pwofesyonèl ki nan konfli ak objektif medyatè a.

Yon moun ki otreman kalifye kòm yon medyatè se pa yon anplwaye nan yon distri lekòl oswa ajans Leta sèlman paske ajans lan oswa distri lekòl la peye li pou l sèvi kòm yon medyatè.

Egzijans pou Medyatè ESPESIFIK POU FLORIDA

Medyatè yo, pou yo ka konsidere yo kòm moun ki kalifye, dwe gen sètifye nan Kou Siprèm Florida a san okenn sanksyon yo siyale.

PWOSESIS REZOLISYON

34 CFR §300.510

Reyinyon rezolisyon

Nan 15 jou kalandriye apre ou resevwa avi sou plent pou pwosedi regilye w la, epi anvan odyans pou pwosedi regilye a kòmanse, distri lekòl la dwe konvoke yon reyinyon avèk ou menm ak manm ki enpòtan oswa manm Ekip IEP a ki gen konesans espesifik sou reyalite yo idantifye nan plent pou pwosedi regilye w la. Reyinyon an:

1. Dwe gen ladan yon reprezantan distri lekòl la ki gen otorite pou pran desizyon nan non distri lekòl la; **ak**
2. Pa ka gen ladan yon avoka nan distri lekòl la sof si yon avoka akonpaye ou.

Ou menm ak distri lekòl la detèmine manm ki enpòtan nan Ekip IEP a pou patisipe nan reyinyon an.

Objektif reyinyon an se pou ou diskite sou plent pou pwosedi regilye w la, ak reyalite ki fòme baz plent lan, pou distri lekòl la gen opòtinite pou rezoud dispit la.

Reyinyon rezolisyon an pa nesèsè si:

1. Ou menm ak distri lekòl la dakò alekri pou anile reyinyon an; **oswa**
2. Ou menm ak distri lekòl la dakò pou itilize pwosesis medyasyon an, jan sa dekri anba tit **Medyasyon**.

Delè rezolisyon an

Si distri lekòl la pa t rezoud plent pou pwosed regilye a pou satisfaksyon ou nan lespas 30 jou kalandriye apre ou resevwa plent pou pwosed regilye (pandan peryòd tan pou pwosesis rezolisyon an), odyans pou pwosed regilye a ka fèt.

Delè 45 jou kalandriye pou bay yon desizyon final sou odyans pou pwosed regilye, jan sa dekri anba tit, **Desizyon Odyans**, kòmanse nan dat ekspirasyon delè 30 jou kalandriye delè rezolisyon an, ak sèten eksepsyon pou ajisteman ki te fèt nan delè rezolisyon 30 jou kalandriye a, jan sa dekri anba a.

Eksepte kote ou menm ak distri lekòl la te dakò pou renonse pwosesis rezolisyon an oswa pou itilize medyasyon, si w pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, sa ap retade delè yo pou pwosesis rezolisyon an ak odyans pou pwosed regilye a jiskaske reyinyon an fèt.

Si apre ou fin fè efò rezonab ak dokimante efò sa yo, distri lekòl la pa kapab jwenn patisipasyon ou nan reyinyon rezolisyon an, distri lekòl la ka, nan fen delè rezolisyon 30 jou kalandriye a, mande pou yon ofisye odyans rejte plent pou pwosed regilye w la. Dokimantasyon efò sa yo dwe gen ladan yon dosye sou tantativ distri lekòl la pou fè aranjman pou gen yon komennakò sou tan ak kote, tankou:

1. Anrejistreman detaye apèl telefòn ki te fèt yo oswa ki te eseye fèt ak rezilta apèl sa yo;
2. Kopi korespondans yo voye ba ou a ak nenpòt repons ou te resevwa; ak
3. Anrejistreman detaye sou vizit yo te fè nan kay ou a oswa kote ou travay la ak rezilta vizit sa yo.

Si distri lekòl la pa fè reyinyon rezolisyon an nan lespas 15 jou kalandriye apre li resevwa avi sou plent pou pwosed regilye w la **oswa** li pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, ou ka mande yon ofisye odyans pou kòmanse delè odyans pou pwosed regilye 45 jou kalandriye a.

Aranjman nan delè rezolisyon 30 jou kalandriye a

Si oumenm ak distri lekòl la dakò alekri pou anile reyinyon rezolisyon an, lè sa a delè 45 jou kalandriye pou odyans pou pwosed regilye a kòmanse nan demen.

Apre kòmansman medyasyon an oswa reyinyon rezolisyon an ak anvan fen delè rezolisyon 30 jou kalandriye a, si ou menm ak distri lekòl la dakò alekri pa gen okenn akò posib, lè sa a delè 45 jou kalandriye pou odyans pou pwosed regilye a kòmanse nan demen.

Si ou menm ak distri lekòl la dakò pou itilize pwosesis medyasyon an men ou poko rive jwenn yon akò, nan fen delè rezolisyon 30 jou kalandriye a, pwosesis medyasyon an ka kontinye jiskaske yo rive jwenn yon akò si toulede pati yo dakò pou yo kontinye alekri.

Sepandan, si swa oumenm oswa distri lekòl la retire tèt nou nan pwosesis medyasyon an pandan delè kontinyasyon sa a, lè sa a delè 45 jou kalandriye pou odyans pou pwosed

Akò règleman alekri

Si yo jwenn yon rezolisyon ak dispit la nan reyinyon rezolisyon an, ou menm ak distri lekòl la dwe antre nan yon akò ki obligatwa legalman ki:

1. Ou menm ak yon reprezantan distri lekòl la ki gen otorite pou lye distri lekòl la siyen li; **ak**
2. Ka egzekite nan nenpòt tribinal Eta ki gen jiridiksyon konpetan (yon tribinal Eta ki gen otorite pou tandè kalite ka sa a) oswa nan yon tribinal distri nan Etazini oswa nan Ajans Edikasyon Leta a, si Eta ou a gen yon lòt mekanis oswa pwosed ki pèmèt pati yo chèche aplike akò rezolisyon yo.

Peryòd revizyon akò a

Si ou menm ak distri lekòl la antre nan yon akò kòm yon rezilta yon reyinyon rezolisyon, nenpòt pati (ou menm oswa distri lekòl la) ka anile akò a nan lespas twa (3) jou ouvrap aprè ou menm ak distri lekòl la te fin siyen akò a.

ODYANS SOU PLENT POU PWOSEDI REGILYE

ODYANS SAN PATIPRI SOU PWOSEDI REGILYE

34 CFR §300.511

Jeneral

Chak fwa yo pote yon plent pou pwosed regilye, ou menm oswa distri lekòl la ki enplike nan dispit la dwe gen yon opòtinite pou yon odyans san patipri pou pwosed regilye, jan sa dekri nan seksyon ***Plent pou Pwosed Regilye*** ak ***Pwoses Rezolisyon***.

Enfòmasyon sou Pwosed Regilye ESPESIFIK POU FLORIDA

Nan Florida, Divizyon Odyans Administratif nan Florida (Division of Administrative Hearings, DOAH) responsab pou konvoke odyans pou pwosed regilye.

Ofisye odyans san patipri

Omwen, yon ofisye odyans:

1. Pa dwe yon anplwaye Ajans Edikasyon Leta a oswa distri lekòl la ki patisipe nan edikasyon oswa swen timoun nan. Sepandan, yon moun ki pa yon anplwaye nan ajans lan sèlman paske ajans lan peye li pou l sèvi kòm yon ofisye odyans.
2. Pa dwe gen yon enterè pèsonèl oswa pwofesyonèl ki nan konfli ak objektif ofisye odyans lan nan odyans lan;
3. Dwe gen konesans ak konprann dispozisyon ki nan IDEA, règleman Federal ak Leta ki gen rapò ak IDEA, ak entèpretasyon legal IDEA tribinal Federal ak Leta yo fè; **ak**
4. Dwe gen konesans ak kapasite pou fè odyans, ak pou pran ak ekri desizyon, ki konfòm avèk pratik legal, estanda ki apwopriye.

Chak distri lekòl dwe kenbe yon lis moun sa yo ki sèvi kòm ofisye odyans ki gen ladan yon deklarasyon sou kalifikasyon chak ofisye odyans.

Sijè odyans pou pwosed regilye

Pati a (oumenm oswa distri lekòl la) ki mande odyans pou pwosed regilye a pa ka souleve pwoblèm nan odyans pou pwosed regilye a ki pa t abòde nan plent pou pwosed regilye a, sof si lòt pati a dakò.

Delè pou mande yon odyans

Ou menm oswa distri lekòl la dwe mande yon odyans san patipri sou yon plent pou pwosed regilye nan lespas de (2) lane apati dat ou menm oswa distri lekòl la te enfòme oswa ta dwe enfòme sou pwoblèm yo trete nan plent lan.

Eksepsyon nan delè a

Delè ki anwo la a pa aplike pou ou si ou pa t kapab depoze yon plent pou pwosedi regilye akòz:

1. Distri lekòl la notaman mal rapòte li te rezoud pwoblèm nan oswa pwoblèm w ap souleve nan plent ou an; **oswa**
2. Distri lekòl la te kenbe enfòmasyon li te dwe ba ou sou ou dapre Pati B IDEA.

DWA POU ALE NAN ODYANS**34 CFR §300.512****Jeneral**

Ou gen dwa pou reprezante tèt ou nan yon odyans pou pwosedi regilye. Anplis de sa, nenpòt ki pati nan yon odyans sou pwosedi regilye (ki gen ladan yon odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè) gen dwa pou:

1. Yon avoka ak/oswa moun ki gen konesans espesyal oswa fòmasyon konsènan pwoblèm timoun ki gen andikap dwe akonpaye ak enfòm li;
2. Fè yon avoka oswa yon moun ki pa avoka reprezante li nan odyans pou pwosedi regilye a;
3. Prezante prèv ak konfwonte, kontrentèwoje, epi egzije prezans temwen;
4. Entèdi entwodiksyon nenpòt prèv nan odyans lan ki pa t divilge bay pati sa a omwen senk (5) jou ouvrap anvan odyans lan;
5. Jwenn yon anrejistreman alekri, oswa, si ou vle, yon anrejistreman elektwonik, mo pou mo odyans lan; **ak**
6. Jwenn konklizyon alekri, oswa, si ou vle, konklizyon elektwonik sou reyalite ak desizyon yo.

Divilgasyon enfòmasyon siplemantè

Omwen senk (5) jou ouvrap anvan yon odyans pou jistis, oumenm ak distri lekòl la dwe devwale youn ak lòt tout evalyasyon ki fèt nan dat sa a ak rekòmandasyon ki baze sou evalyasyon sa yo oumenm oswa distri lekòl la gen entansyon itilize nan odyans lan.

Yon ofisye odyans ka anpeche nenpòt pati ki pa respekte egzijans sa a prezante entevalyasyon oswa rekòmandasyon ki enpòtan nan odyans lan san konsantman lòt pati a.

Dwa paran yo nan odyans yo

Yo dwe ba ou dwa pou:

1. Fè pitit ou prezan nan odyans lan;
2. Louvri odyans lan pou piblik la vin gade; **ak**

3. Fè yo ba ou dosye odyans lan, konklizyon sou reyalite ak desizyon yo gratis.

Jeneral

Ou gen dwa pou reprezante tèt ou nan yon odyans pwosedi regilye (ki gen ladan yon odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè) oswa yon apèl ansanm ak yon odyans pou resevwa prèv siplemantè, jan sa dekri nan soutit, **Apèl kont desizyon; revizyon san patipri**. Anplis de sa, nenpòt ki pati nan yon odyans gen dwa pou:

1. Yon avoka ak/oswa moun ki gen konesans espesyal oswa fòmasyon konsènan pwoblèm timoun ki gen andikap dwe akonpaye ak enfòm li;
2. Fè yon avoka reprezante w nan odyans lan;
3. Prezante prèv ak konfwonte, kontrentèwoje, epi egzije prezans temwen;
4. Entèdi entwodiksyon nenpòt prèv nan odyans lan ki pa t divilge bay lòt pati a omwen senk (5) jou ouvrap anvan odyans lan;
5. Jwenn yon anrejistremant alekri, oswa, si ou vle, yon anrejistremant elektwonik, mo pou mo odyans lan; **ak**
6. Jwenn konklizyon alekri, oswa, si ou vle, konklizyon elektwonik sou reyalite ak desizyon yo.

Enfòmasyon sou Pwosedi Regilye ESPESIFIK POU FLORIDA

Nan Florida, nenpòt ki pati gen dwa pou yon reprezantan ki kalifye reprezante yo tou pandan yon odyans pou pwosedi regilye jan sa defini nan Règ 28-106.106 ak 28-106.107, Kòd Administratif Florida (Florida Administrative Code, F.A.C.).

DESIZYON ODYANS

34 CFR §300.513

Desizyon ofisye odyans lan

Desizyon yon ofisye odyans sou si wi ou non pitit ou a te resevwa yon FAPE dwe baze sou prèv ak agiman ki gen rapò dirèkteman ak FAPE.

Nan zafè ki pretann yon vyolasyon pwosedi (tankou "yon Ekip IEP enkonplè"), yon ofisye odyans ka dekouvri pitit ou a pa t resevwa yon FAPE sèlman si vyolasyon pwosedi an:

1. Entèfere ak dwa pitit ou a pou gen yon FAPE;
2. Siyifikativman entèfere ak opòtinite ou pou patisipe nan pwosesis pou pran desizyon konsènan dispozisyon yon FAPE pou pitit ou a; **oswa**
3. Lakòz pitit ou a pa jwenn yon avantaj edikasyon ankò.

Yo pa ka entèprete okenn nan dispozisyon ki dekri anwo yo pou anpeche yon ofisye odyans bay lòd pou yon distri lekòl konfòme li avèk egzijans ki nan seksyon pwoteksyon pwosed règleman Federal lan dapre Pati B IDEA (34 CFR §§300.500 jiska 300.536).

Demann apa pou yon odyans pou pwosed regilye

Yo pa ka entèprete anyen ki nan seksyon pwoteksyon pwosed règleman Federal lan dapre Pati B IDEA (34 CFR §§300.500 jiska 300.536) pou anpeche ou depoze yon plent pou pwosed regilye separe sou yon pwoblèm ki separe ak yon plent pou pwosed regilye ki deja depoze.

Konklizyon ak desizyon yo bay panèl konsiltatif la ak piblik la an jeneral

Ajans Edikasyon Eta a oswa distri lekòl la, (kèlkeswa sa ki te responsab pou odyans ou a) apre yo fin efase nenpòt enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsònèlman, yo dwe:

1. Bay konklizyon ak desizyon yo nan odyans oswa apèl pou pwosed regilye a kont panèl konsiltatif edikasyon espesyal Leta a; **ak**
2. Fè konklizyon ak desizyon yo disponib pou piblik la.

APEL**FINALITE DESIZYON; APEL; REVIZYON SAN PATIPRI****34 CFR §300.514****Finalite desizyon odyans lan**

Yon desizyon ki te pran nan yon odyans sou pwosedi regilye (ki gen ladan yon odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè) se yon desizyon final, eksepte nenpòt ki pati ki patisipe nan odyans lan (ou menm oswa distri lekòl la) ka fè apèl kont desizyon an nan mennen yon aksyon sivil, jan sa dekri nan tit **Aksyon Sivil, ki gen ladan Delè Depo Aksyon sa yo**.

DELE AK KONVENYANS ODYANS AK REVIZYON**34 CFR §300.515**

Ajans Edikasyon Leta a dwe asire pa pita pase 45 jou kalandriye apre dat ekspirasyon peryòd 30 jou kalandriye a pou reyinyon rezolisyon yo **oswa**, jan sa dekri anba soutit **Ajisteman nan delè rezolisyon 30 jou kalandriye a**, pa pita pase 45 jou kalandriye apre ekspirasyon delè ki ajiste a:

1. Yo pran yon desizyon final nan odyans lan; **ak**
2. Yo voye nan lapòs yon kopi desizyon an bay chak pati yo.

Yon ofisye odyans ka akòde pwolongasyon tan espesifik ki depase peryòd 45 jou kalandriye ki dekri anwo a sou demann nenpòt nan pati yo (oumenm oswa distri lekòl la).

Chak odyans dwe fèt nan yon lè ak yon kote ki rezonab pou ou menm ak pitit ou a.

AKSYON SIVIL, KI GEN LADAN DELE POU DEPOZE AKSYON SA YO**34 CFR §300.516****Jeneral**

Nenpòt pati (oumenm oswa distri lekòl la) ki pa dakò ak konklizyon epi desizyon yo nan odyans pou pwosedi regilye a (ki gen ladan yon odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè yo) gen dwa mennen yon aksyon sivil konsènan zafè ki te objè odyans pou pwosedi regilye a. Aksyon an ka mennen nan yon tribinal Eta a ki gen jiridiksyon konpetan (yon tribinal Eta a ki gen otorite pou tandè kalite ka sa a) oswa nan yon tribinal distri nan Etazini san yo pa konsidere montan litij la.

Limit tan

Pati a (oumenm oswa distri lekòl la) k ap mennen aksyon an dwe gen 90 jou kalandriye soti nan dat desizyon ofisye odyans lan te pran pou depoze yon aksyon sivil.

Pwosed siplemantè

Nan nenpòt aksyon sivil, tribinal la:

1. Resevwa dosye pwosed administratif yo;
2. Tande lòt prèv sou demann ou oswa sou demann distri lekòl la; **ak**
3. Baze desizyon li sou majorite prèv ak akòde reparasyon tribinal la detèmine ki apwopriye yo.

Nan sikonstans apwopriye, alejman jidisyè ka gen ladan ranbousman ekolaj lekòl prive ak sèvis edikasyon konpansasyon.

Jiridiksyon tribinal distri yo

Tribinal distrik Etazini yo gen otorite pou yo pwononse yo sou aksyon yo mennen dapre Pati B IDEA san konsiderasyon sou montan litij la.

Règ sou konstriksyon

Pa gen anyen nan Pati B IDEA ki mete restriksyon oswa limite dwa, pwosed, ak rekou ki disponib nan Konstitisyon Ameriken an, Lwa sou Ameriken ki andikape 1990 la, Tit V nan Lwa sou Reyadaptasyon 1973 la (Seksyon 504), oswa lòt Lwa Federal ki pwoteje dwa timoun ki gen andikap, eksepte anvan w depoze yon aksyon sivil dapre lwa sa yo k ap mande reparasyon ki disponib dapre Pati B IDEA a tou, pwosed aplikasyon regilye yo dekri anwo a dwe fin itilize nan menm mezi jan sa t ap nesesè si pati a depoze aksyon dapre Pati B IDEA. Sa vle di ou ka gen rekou ki disponib dapre lòt lwa ki sipèpoze ak sa ki disponib dapre IDEA, men an jeneral, pou jwenn alejman dapre lòt lwa sa yo, ou dwe premyeman itilize rekou administratif ki disponib dapre IDEA (sètadi, plent pou pwosed regilye; pwosesis rezolisyon, ki gen ladan reyinyon rezolisyon; ak pwosed odyans pou pwosed regilye san patipri) anvan ou ale dirèkteman nan tribinal la.

PLASMAN TIMOUN NAN PANDAN PLENT POU PWOSEDI REGILYE A AK ODYANS YO ANNATANT

34 CFR §300.518

Eksepte jan yo bay yo anba a anba tit **PWOSEDI LÈ YO AP DISIPLINE TIMOUN KI GEN ANDIKAP**, yon fwa yo voye yon plent pou pwosed regilye bay lòt pati a, pandan delè pwosesis rezolisyon an, epi pandan w ap tann desizyon nenpòt odyans san patipri oswa pwosed nan tribinal, sof si ou menm ak Eta a oswa distri lekòl la dakò otreman, pitit ou a dwe rete nan plasman edikasyon li ye kounye a.

Si plent pou pwosè regilye a enplike nan yon aplikasyon pou admisyon inisyal nan lekòl piblik, pitit ou a, avèk konsantman ou, dwe plase nan pwogram regilye lekòl piblik la jiskaske tout pwosed sa yo fini.

Si plent pou pwosed regilye a enplike nan yon aplikasyon pou sèvis inisyal dapre Pati B IDEA pou yon timoun ki ap chanje soti nan Pati C IDEA pou ale nan Pati B IDEA epi ki pa kalifye ankò pou sèvis Pati C paske timoun nan te gen twa (3) lane, distri lekòl la pa oblije bay sèvis Pati C timoun nan t ap resevwa a. Si yo jwenn timoun nan kalifye nan Pati B IDEA epi ou dakò pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa, lè sa a, annatandan rezilta pwosed a, distri lekòl la dwe bay edikasyon espesyal sa yo ak sèvis ki asosye ki pa nan litij yo (sa yo ou menm ak distri lekòl la te dakò sou yo a).

Si yon ofisye odyans nan yon odyans sou pwosed regilye Ajans Edikasyon Leta a mennen dakò avèk ou yon chanjman plasman apwopriye, yo dwe trete plasman sa a kòm plasman edikasyon aktyèl pitit ou a kote pitit ou a ap rete pandan y ap tann annataandan desizyon nenpòt odyans pou pwosed regilye san patipri oswa pwosed tribinal la.

FRE AVOKA YO

34 CFR §300.517

Jeneral

Nan nenpòt aksyon oswa pwosed yo mennen dapre Pati B IDEA, tribinal la, selon diskresyon li, ka akòde frè avoka rezonab kòm yon pati nan depans ou yo, si w genyen (genyen).

Nan nenpòt aksyon oswa pwosed yo mennen dapre Pati B IDEA, tribinal la, selon diskresyon li, ka akòde frè avoka rezonab kòm yon pati nan depan yon Ajans Edikasyon Leta oswa distri lekòl ki an vigè, avoka w la dwe peye, si avoka a:

(a) depoze yon plent oswa zafè jidisyè tribinal la twouve ki frivòl, ki pa rezonab, oswa san fondasyon; **oswa** (b) kontinye plede apre litij la klèman te vin frivòl, san rezon, oswa san fondasyon; **oswa**

Nan nenpòt aksyon oswa pwosed yo mennen dapre Pati B IDEA, tribinal la, selon diskresyon li, ka akòde frè avoka rezonab kòm yon pati nan depan yon Ajans Edikasyon Leta oswa distri lekòl ki an vigè, ou menm oswa avoka w la dwe peye, si yo te prezante demann ou an pou yon odyans sou pwosed regilye oswa pita nan zafè jidisyè pou nenpòt ki rezon ki pa apwopriye, tankou asele, pou lakòz reta ki pa nesesè, oswa ogmante san nesesite depans pou aksyon an oswa pwosed a (odyans).

Bay frè yo

Yon tribinal bay frè rezonab pou avoka yo jan sa a:

1. Frè yo dwe baze sou pousantaj ki an vigè nan kominote kote aksyon an oswa pwosed a rive pou kalite ak kalite sèvis yo founi yo. Yo pa dwe itilize okenn bonis oswa miltiplikatè nan kalkil frè yo akòde yo.

2. Yo ka pa ka bay frè avoka yo ak yo pa ka ranbouse depans ki asosye nan nenpòt aksyon oswa pwosed di dapre Pati B IDEA pou sèvis yo rann apre yo fin fè w yon òf règleman alekri si:
 - a. Òf la fèt nan tan Règ 68 la preskri nan Règ Federal Pwosed di Sivil la oswa, nan ka nan yon odyans pwosed di regilye oswa revizyon nan nivo Leta a, nan nenpòt ki lè plis pase 10 jou kalandriye anvan pwosed di a kòmanse;
 - b. Yo p ap aksepte òf la nan lespas 10 jou kalandriye; **ak**
 - c. Tribinal la oswa ofisye odyans administratif alejman finalman ou te jwenn nan pa pi favorab pou ou pase òf règleman an.

Malgre restriksyon sa yo, yo ka ba ou yon frè avoka ak depans ki asosye yo si ou genyen epi yo te konsiderableman jistifye w nan rejte òf règleman an.

3. Yo pa ka akòde frè ki gen rapò ak nenpòt reyinyon Ekip IEP a sof si reyinyon an ap fèt kòm yon rezilta yon pwosed di administratif oswa aksyon nan tribinal la.
4. Yon reyinyon rezolisyon, jan sa dekri anba tit **Pwosesis Rezolisyon**, pa konsidere kòm yon reyinyon yo konvoke apre yon odyans administratif oswa aksyon nan tribinal, epitou yo pa konsidere l kòm yon odyans administratif oswa aksyon nan tribinal pou rezon dispozisyon frè avoka sa yo.

Tribinal la diminye, jan sa apwopriye, montan frè avoka yo bay dapre Pati B IDEA, si tribinal la jwenn:

1. Ou menm, oswa avoka w la, pandan aksyon an oswa pwosed di a ap fèt la, retade san rezon rezolisyon final litij la;
2. Montan frè avoka yo otorize otreman pou yo bay san rezon depase to èdtan ki an vigè nan kominote a pou sèvis menm jan an avoka ki gen konpetans, repitasyon ak eksperyans rezonab ki similè yo;
3. Tan yo pase ak sèvis legal yo bay yo te twòp lè w konsidere nati aksyon an oswa pwosed di a; **oswa**
4. Avoka ki reprezante ou a pa t bay distri lekòl la enfòmasyon ki apwopriye nan avi sou demann pou pwosed di regilye a jan sa dekri nan tit **Plent pou Pwosed di Regilye**.

Sepandan, tribinal la ka pa redwi frè si tribinal la jwenn Eta a oswa distri lekòl la retade san rezon rezolisyon final aksyon an oswa pwosed di oswa te gen yon vyolasyon dapre dispozisyon pwoteksyon pwosed di Pati B IDEA.

PWOSEDI LE GEN MEZI DISIPLINE TIMOUN KI GEN ANDIKAP

OTORITE PESONEL LEKOL LA

34 CFR §300.530

Detèminasyon ka pa ka

Pèsonèl lekòl la ka konsidere nenpòt sikonstans inik sou yon baz ka-pa-ka lè yo detèmine si yon chanjman plasman, fèt an akò ak egzijans sa yo ki gen rapò ak disiplin, ki apwopriye pou yon timoun ki gen yon andikap ki vyole yon kòd lekòl sou konduit elèv yo.

Jeneral

Nan mezi kote yo pran mezi sa yo pou timoun ki pa gen andikap yo tou, pèsonèl lekòl la ka, pou pi piti 10 jou lekòl youn dèyè lòt, retire yon timoun ki gen yon andikap ki vyole yon kòd konduit elèv nan plasman li ye kounye a nan yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa apwopriye, yon lòt anviwònman, oswa sispansyon. Pèsonèl lekòl la ka enpoze ranvwa sipleman tè timoun nan ki pa plis pase

10 jou lekòl youn apre lòt nan menm ane lekòl la pou ensidan move kondwit separe, toutotan ranvwa sa yo pa konstitye yon chanjman plasman (gade tit **Chanjman Plasman Akòz Retrè Disiplinè** pou definisyon an).

Yon fwa yo te retire yon timoun ki gen yon andikap nan plasman li ye kounye a pou yon total **10 jou lekòl** nan menm ane lekòl la, distri lekòl la dwe, pandan nenpòt jou ki vin apre yo retire l nan ane lekòl sa a, bay sèvis nan limit ki nesesè anba a dapre soutit **Sèvis yo**.

Otorite sipleman tè

Si konpòtman ki vyole kòd kondwit elèv la pa t yon manifestasyon andikap timoun lan (gade soutit **detèminasyon Manifestasyon an**) epi chanjman disiplinè plasman an ta depase **10 jou lekòl** youn apre lòt, pèsonèl lekòl la ka aplike pwosedi disiplinè yo sou timoun sa a ki gen yon andikap menm jan ak pou menm dire li t ap ye pou yon timoun ki pa gen andikap, eksepte lekòl la dwe bay sèvis pou timoun sa jan sa dekri anba a nan **Sèvis yo**. Ekip IEP timoun nan detèmine anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa pou sèvis sa yo.

Sèvis

Lang ESPESIFIK POU FLORIDA Konsènan Ranvwa Disiplinè

Distri lekòl la pa oblije bay sèvis pou yon timoun ki gen yon andikap yo te retire nan plasman li ye kounye a pou **10 jou lekòl oswa mwens** nan ane lekòl sa a si yo bay elèv ki pa gen andikap yo retire yo menm sèvis la menm jan yo retire yo a.

Yon timoun ki gen yon andikap yo retire nan plasman li ye kounye a pou **plis pase 10 jou lekòl** epi konpòtman an se pa yon manifestasyon andikap timoun nan (gade soutit, **detèminasyon Manifestasyon**) oswa yo retire nan sikonstans espesyal (gade soutit, **Sikonstans espesyal**) dwe:

1. Kontinye resevwa sèvis edikasyon (genyen yon FAPE disponib), pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la, byenke l nan yon lòt anviwònman (ki ka yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa), ak pou fè pwogrè nan atenn objektif yo mete nan IEP timoun nan; **ak**
2. Resevwa, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, ak sèvis entèvansyon konpòtman ak modifikasyon, ki fèt pou abòde vyolasyon konpòtman an pou li pa rive ankò.

Aprè yo retire yon timoun ki gen yon andikap te nan plasman li ye kounye a pou **10 jou lekòl** nan menm ane lekòl la, epi **si** retrè aktyèl la se pou **10 jou lekòl** youn aprè lòt oswa mwens **epi** si retrè a se pa yon chanjman plasman (gade definisyon anba a), Lè sa a, pèsonèl lekòl la, nan konsiltasyon ak omwen youn nan pwofesè timoun nan, detèmine nan ki pwen yo bezwen sèvis yo pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la, byenke l nan yon lòt anviwònman, ak pou fè pwogrè nan atenn objektif yo mete nan IEP timoun nan.

Si retrè elèv la se yon chanjman plasman (gade tit la, **Chanjman Plasman Akòz Retrè Disiplinè**), Ekip IEP timoun nan detèmine sèvis ki apwopriye pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la, byenke l nan yon lòt anviwònman (ki ka se yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa), ak pou fè pwogrè nan atenn objektif yo mete nan IEP timoun nan.

Detèminasyon manifestasyon an

Nan lespas **10 jou lekòl** nenpòt desizyon pou chanje plasman yon timoun ki gen yon andikap akòz yon vyolasyon yon kòd konduit elèv (eksepte pou yon retrè ki se pou **10 jou lekòl** youn aprè lòt oswa mwens epi li pa yon chanjman plasman), distri lekòl la, ou menm ak lòt manm ki enpòtan nan Ekip IEP a (jan ou menm ak distri lekòl la detèmine sa) dwe revize tout enfòmasyon ki enpòtan nan dosye elèv la, ki gen ladan IEP timoun nan, nenpòt obsèvasyon pwofesè yo, ak nenpòt enfòmasyon enpòtan ou bay pou detèmine:

1. Si konduit an kesyon an te rive akòz, oswa te gen yon relasyon dirèk ak sibstansyèl ak, andikap timoun nan; **oswa**

2. Si konduit an kesyon an te rezilta dirèk echèk distri lekòl la nan aplike IEP timoun nan.

Si distri lekòl la, ou menm, ak lòt manm ki enpòtan nan Ekip IEP timoun nan detèmine swa nan kondisyon sa yo te ranpli, konduit la dwe konsidere kòm yon manifestasyon andikap timoun nan.

Si distri lekòl la, ou menm, ak lòt manm ki enpòtan nan Ekip IEP timoun nan detèmine konduit an kesyon an te rezilta dirèk echèk distri lekòl la nan aplike IEP a, distri lekòl la dwe pran aksyon imedyat pou korije defisyanans sa yo.

Detèminasyon ki montre konpòtman an se te yon manifestasyon andikap timoun nan

Si distri lekòl la, oumenm, ak lòt manm ki enpòtan nan Ekip IEP a detèmine kondwit la se te yon manifestasyon andikap timoun nan, Ekip IEP a dwe swa:

1. Fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, sof si distri lekòl la te fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl anvan konpòtman ki te lakòz chanjman plasman an te rive, epi aplike yon plan entèvansyon konpòtman pou timoun nan; **oswa**
2. Si yon plan entèvansyon konpòtman deja devlope, revize plan entèvansyon konpòtman an, epi modifiye li, jan sa nesèsè, pou abòde konpòtman an.

Eksepte jan sa dekri anba a dapre soutit **Sikonstans espesyal**, distri lekòl la dwe retounen pitit ou a nan plasman kote yo te retire pitit ou a, sof si ou menm ak distri a dakò pou yon chanjman plasman kòm yon pati nan modifikasyon plan entèvansyon konpòtman.

Sikonstans espesyal

Kit konpòtman an se te yon manifestasyon andikap pitit ou a, pèsònèl lekòl la ka retire yon elèv nan yon anviwònman edikasyon pwovizwa (Ekip IEP timoun nan detèmine) pou mwens pase 45 jou lekòl, si pitit ou a:

1. Pote yon zam (gade definisyon ki anba a) nan lekòl la oswa gen yon zam nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa nan yon fonksyon lekòl ki anba jiridiksyon Ajans Edikasyon Leta a oswa yon distri lekòl la;
2. Genyen oswa itilize dwòg ilegal vonlontèman (gade definisyon ki anba a), oswa vann oswa mande pou vann yon sibstans kontwole, (gade definisyon ki anba a), pandan w nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa nan yon fonksyon lekòl la ki anba jiridiksyon Ajans Edikasyon Leta oswa yon distri lekòl; **oswa**
3. Pote yon zam (gade definisyon ki anba a) nan lekòl la oswa gen yon zam nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa nan yon fonksyon lekòl la ki anba jiridiksyon Ajans Edikasyon Leta a oswa yon distri lekòl la.

Definisyon

Sibstans Kontwole vle di yon dwòg oswa lòt sibstans ki idantifye nan anèks I, II, III, IV, oswa V nan seksyon 202 (c) Lwa sou Sibstans Kontwole (21 U.S.C. 812 (c)).

Dwòg ilegal vle di yon sibstans kontwole; men li pa anndan yon sibstans kontwole yo posede oswa itilize legalman anba sipèvizyon yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans oswa yo posede oswa itilize legalman anba nenpòt lòt otorite dapre Lwa sa a oswa anba nenpòt lòt dispozisyon lalwa Federal la.

Blesi grav nan kò a gen siyifikasyon yo bay kòm tèms "blesi grav nan kò" anba paragraf (3) nan souseksyon (h) nan seksyon 1365 nan tit 18, Kòd Etazini.

Zam gen siyifikasyon yo bay kòm tèms "zam danjere" anba paragraf (2) nan premye souseksyon (g) nan seksyon 930 nan tit 18, Kòd Etazini.

Definisyon ESPESIFIK POU FLORIDA

Anviwonman edikasyon altènatif pwovizwa vle di yon kote diferan kote yo bay sèvis edikasyon pou yon delè espesifik akòz rezon disiplinè ki satisfè kondisyon ki nan Règ 6A-6.03312, F.A.C.

Notifikasyon

Nan dat li pran desizyon an pou fè yon ranvwa ki se yon chanjman plasman pitit ou a akòz yon vyolasyon kòd konduit elèv yo, distri lekòl la dwe fè w konnen desizyon sa a, epi ba ou yon avi pwoteksyon pwosed.

CHANJMAN PLASMAN AKOZ RANVWA DISIPLINE

34 CFR §300.536

Yon retrè pitit ou a ki gen yon andikap nan plasman edikasyon aktyèl pitit ou a se yon **chanjman plasman** si:

1. Retrè a se pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt; **oswa**
2. Pitit ou a te sibi yon seri de ranvwa ki konstitye yon motif paske:
 - a. Seri retrè total plis pase 10 jou lekòl nan yon ane lekòl;
 - b. Konpòtman pitit ou a sanble anpil ak konpòtman timoun nan ensidan anvan yo ki te lakòz seri ranvwa yo; ak
 - c. Pami faktè siplemantè yo tankou dire chak retrè, kantite tan total retrè pitit ou a, ak pwoksimite ranvwa yo youn ak lòt.

Distrik lekòl la detèmine sou yon baz ka pa ka si yon modèl ranvwa konstitye yon chanjman plasman epi, si yo konteste li, li sibi yon revizyon atravè pwosed regilye ak pwosed jidisyè.

DETEMINASYON ANVIWONMAN

34 CFR § 300.531

Ekip IEP a detèmine anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa a pou ranvwa ki se **chanjman plasman**, ak ranvwa ki soti nan soutit **Otorite Sipleman** ak **Sikonstans Espesyal**.

APEL

34 CFR § 300.532

Jeneral

Ou ka depoze yon plent pou pwosed regilye (gade tit Pwosed Plent pou Pwosed Regilye) pou mande yon odyans pou pwosed regilye si ou pa dakò avèk li:

1. Nenpòt desizyon konsènan plasman ki fèt anba dispozisyon disiplin sa yo; **oswa**
2. Detèminasyon manifestasyon ki dekri anwo a.

Distri lekòl la ka depoze yon plent pou pwosed regilye (gade pi wo a) pou mande yon odyans pou pwosed regilye si li kwè lè w kenbe plasman aktyèl pitit ou a gen anpil chans pou lakòz aksidan pitit ou a oswa lòt moun.

Otorite ofisye odyans lan

Yon ofisye odyans ki satisfè kondisyon ki dekri anba soutit **Ofisye Odyans San Patipri** a dwe fè odyans pou pwosed regilye a epi pran yon desizyon. Ofisye Odyans lan ka:

1. Retounen pitit ou a ki gen yon andikap nan plasman kote yo te retire pitit ou a si ofisye odyans lan detèmine retrè a te yon vyolasyon kondisyon ki dekri anba tit **Otorite Pèsonèl Lekòl La**, oswa konpòtman pitit ou a te yon manifestasyon andikap pitit ou a; **oswa**
2. Òdone yon chanjman plasman pitit ou a ki gen yon andikap pou l ale nan yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa apwopriye pou pa plis pase 45 jou lekòl si ofisye odyans lan detèmine lè yo kenbe plasman aktyèl pitit ou a, sa gen anpil chans pou lakòz aksidan pitit ou a oswa lòt moun.

Pwosed odyans sa yo ka repete, si distri lekòl la kwè retou pitit ou a nan plasman orijinal la gen anpil chans pou lakòz aksidan pitit ou oswa lòt moun.

Chak fwa ou menm oswa yon distri lekòl depoze yon plent pou pwosed regilye pou mande yon odyans konsa, yo dwe fè yon odyans ki satisfè kondisyon ki dekri nan tit **Pwosed Plent pou Pwosed Regilye, Odyans sou Plent pou Pwosed Regilye**, eksepte nan ka ki annapre yo:

1. Ajans Edikasyon Leta a oswa distri lekòl la dwe fè aranjman pou yon odyans akselere pou pwosed regilye, ki dwe fèt nan lespas **20** jou lekòl ki vini apre dat yo mande odyans lan epi yo dwe abouti nan yon detèminasyon nan lespas **10** jou lekòl apre odyans lan.

2. Sòf si oumenm ak distri lekòl la dakò alekri pou anile reyinyon an, oswa dakò pou itilize medyasyon, yon reyinyon rezolisyon dwe fèt nan lespas sèt(7) jou kalandriye apre ou resevwa avi sou plent pou pwosed regilye a. Odyans lan ka kontinye sof si yo te rezoud pwoblèm pou satisfaksyon toulede pati yo nan lespas **15** jou kalandriye apre yo te resevwa plent pou pwosed regilye a.
3. Yon Leta ka etabli diferan pwosed règleman pou odyans pwosed regilye akselere ki pa sa li te etabli pou lòt odyans pwosed regilye yo, men eksepte pou delè yo, règleman sa yo dwe konfòme yo avèk règleman ki nan dokiman sa a konsènan odyans pwosed regilye a.

Ou menm oswa distri lekòl la ka fè apèl kont desizyon an nan yon odyans pwosed regilye akselere menm jan ak desizyon lòt odyans pou pwosed regilye (gade tit **Apèl la**).

PLASMAN PANDAN APEL YO

34 CFR §300.533

Lè, jan sa dekri pi wo a, oumenm oswa distri lekòl la pote yon plent pou pwosed regilye ki gen rapò ak zafè disiplinè, pitit ou a dwe (sof si ou menm ak Ajans Ajans Edikasyon Leta a oswa distri lekòl la dakò otreman) rete nan anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa a annatandan desizyon ofisye odyans lan, oswa jiskaske peryòd ranvwa a ekspire jan sa prevwa ak dekri anba tit **Otorite Pèsonèl Lekòl La**, kèlkeswa sa ki rive an premye.

PWOTEKSYON POU TIMOUN KI POKO KALIFYE POU EDIKASYON ESPESYAL AK SEVIS KI ASOSYE YO

34 CFR §300.534

Jeneral

Si yo pa t detèmine pitit ou a ki kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo epi vyole yon kòd nan konduit elèv yo, men distri lekòl la te konnen (jan yo detèmine sa anba a) anvan konpòtman ki te mennen aksyon disiplinè a, pitit ou a te yon timoun ak yon andikap, lè sa a, pitit ou a ka revandike nenpòt nan pwoteksyon ki dekri nan avi sa a.

Baz konesans pou zafè disiplinè

Y ap konsidere yon distri lekòl gen konesans pitit ou se yon timoun ki gen yon andikap si, anvan konpòtman ki te mennen aksyon disiplinè a te fèt:

1. Ou eksprime enkyetid alekri bay pèsonèl sipèvizè oswa administratif ajans edikasyon apwopriye a, oswa pwofesè pitit ou a pou di pitit ou a bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo;

2. Ou te mande yon evalyasyon ki gen rapò ak kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak Pati B IDEA; **oswa**
3. Pwofesè pitit ou a oswa lòt pèsonèl distri lekòl la eksprime enkyetid espesifik sou yon modèl konpòtman pitit ou demontre direktè edikasyon espesyal distri lekòl la dirèkteman oswa lòt pèsonèl sipèvizyon distri lekòl la.

Eksepsyon

Yo pa t ap konsidere yon distri lekòl gen konesans sa yo si:

1. Ou pa t dakò yo fè yon evalyasyon pitit ou a oswa ou te refize sèvis edikasyon espesyal; **oswa**
2. Yo evalye pitit ou a epi yo detèmine li pa yon timoun ki gen yon andikap dapre Pati B IDEA.

Kondisyon ki aplike si pa gen okenn baz konesans

Si anvan yo pran mezi disiplinè kont pitit ou a, yon distri lekòl pa konnen ke pitit ou se yon timoun ki gen yon andikap, jan sa dekri pi wo a nan soutit **Baz Konesans Pou Zafè Disiplinè Ak Eksepsyon**, pitit ou a ka sibi mezi disiplinè yo aplike sou timoun ki pa gen andikap ki angaje yo nan konpòtman konparab.

Sepandan, si yo fè yon demann pou yon evalyasyon pitit ou a pandan peryòd pitit ou a sibi mezi disiplinè, evalyasyon an dwe fèt yon fason rapid.

Jiskaske evalyasyon an fini, pitit ou a rete nan plasman edikasyon otorite lekòl yo detèmine, ki ka gen ladan sispansyon oswa ekspilsyon san sèvis edikasyon.

Si yo detèmine pitit ou a se yon timoun ki gen yon andikap, nan pran an konsiderasyon enfòmasyon ki soti nan evalyasyon distri lekòl la te fè a, ak enfòmasyon ou te bay yo, distri lekòl la dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye an akò avèk Pati B IDEA, ki gen ladan kondisyon disiplinè ki dekri anwo a.

REKOMANDASYON AK AKSYON FOSDELOD YO AK OTORITE JIDISYE YO

34 CFR §300.535

Pati B IDEA a pa:

1. Entèdi yon ajans pou l pa rapòte yon krim yon timoun ki gen andikap komèt bay otorite apwopriye yo; **oswa**
2. Anpeche fòsdelòd ak otorite jidisyè Leta yo egzès responsablite yo konsènan aplikasyon lwa Federal ak Lwa Eta a kont krim yon timoun ki gen yon andikap komèt.

Transmisyon dosye yo.

Si yon distri lekòl rapòte yon krim yon timoun ki gen andikap komèt, distri lekòl la:

1. Otorite ajans lan rapòte krim lan dwe asire yo transmèt pou konsiderasyon kopi dosye edikasyon espesyal ak disiplinè timoun nan; **ak**
2. Ka transmèt kopi edikasyon espesyal timoun nan ak dosye disiplinè yo sèlman nan limit FERPA pèmèt li.

EGZIJANS POU PLASMAN INILATERAL PARAN TIMOUN NAN LEKOL PRIVE NAN DEPANS PIBLIK

JENERAL

34 CFR §300.148

Pati B IDEA a pa egzije yon distri lekòl pou peye pou depans edikasyon, ki gen ladan edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, pou pitit ki gen yon andikap ou a nan yon lekòl prive oswa yon etablisman si distri lekòl la mete yon FAPE disponib pou pitit ou a ak ou chwazi mete timoun nan nan yon lekòl oswa etablisman prive. Sepandan, distri lekòl kote lekòl prive a ye a dwe gen ladan pitit ou a nan popilasyon yo trete bezwen yo a dapre dispozisyon Pati B konsènan timoun paran yo te plase yo nan yon lekòl prive dapre 34 CFR §§300.131 jiska 300.144.

Ranbousman pou plasman lekòl prive

Si pitit ou a te deja resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye anba otorite yon distri lekòl, epi ou chwazi enskri pitit ou a nan yon lekòl matènèl, lekòl elemantè, oswa lekòl segondè prive san konsantman oswa rekòmandasyon distri lekòl la, yon tribinal oswa yon ofisye odyans ka mande pou ajans lan ranbouse ou depans enskripsyon sa a si tribinal la oswa ofisye odyans lan dekouvri ajans lan pa t mete yon FAPE disponib pou pitit ou a nan yon tan apwopriye anvan enskripsyon sa a epi plasman prive a apwopriye. Yon ofisye odyans oswa yon tribinal ka jije plasman ou an apwopriye, menm si plasman an pa reponn ak nòm Leta yo ki aplike nan edikasyon Ajans Edikasyon Leta a ak distri lekòl la bay yo.

Limit sou ranbousman

Yo ka redwi oswa refize depans ranbousman yo dekri nan paragraf ki anwo a:

1. Si: (a) Nan dènye reyinyon IEP ou te patisipe anvan ou te retire pitit ou nan lekòl piblik la, ou pa t enfòm Ekip IEP a ou te rejte plasman distri lekòl la te pwopoze pou bay FAPE pitit, ki gen ladan deklare enkyetid ou yo ak entansyon ou pou enskri pitit ou a nan yon lekòl prive nan depans piblik; oswa (b) Omwen 10 jou ouvrap (ki gen ladan nenpòt jou ferye nan yon jou ouvrap) anvan yo retire pitit ou a nan lekòl piblik la, ou pa t bay yon avi alekri nan distri lekòl la sou enfòmasyon sa a;
2. Si, anvan yo retire pitit ou a nan lekòl piblik la, distri lekòl la te ba ou yon avi alekri alavans sou entansyon li pou evalye pitit ou a (ki gen ladan yon deklarasyon sou objektif evalyasyon an ki te apwopriye ak rezonab), men ou pa t mete timoun nan disponib pou evalyasyon an; **oswa**
3. Apre tribinal la fin jwenn aksyon ou yo pa t rezonab.

Sepandan, depans ranbousman an:

1. Ou pa dwe redwi oswa refize pou pa kapab bay avi a si: (a) Lekòl la anpeche ou bay avi a; (b) Ou pa t resevwa avi sou responsablite ou pou bay avi ki dekri anwo a; oswa (c) Konfòm avèk egzijans ki anwo yo, sa ta ka lakòz pitit ou a gen domaj fizik; ak
2. Ka, selon diskresyon tribinal la oswa yon ofisye odyans, yo pa dwe redwi oswa refize pou pa bay avi obligatwa a si: (a) Ou pa konn li oswa ou pa ka ekri nan lang anglè; oswa (b) Konfòme w avèk egzijans ki anwo a ta ka gen anpil chans pou lakòz gwo domaj emosyonèl pou pitit ou a.

Manman/Papa: Tanpri tcheke youn nan repons Seksyon A, siyen anba fòm-sa-a epi retounen-ni bay ESE Espesyalis-la (ESE Specialist).

Seksyon A: Procedural Safeguards

- ☐ Mwen li epi mwen konprann Pwosedir pwoteksyon dwa pou elèv eksepsyonèl (*Procedural Safeguards for Exceptional Students*) epi mwen konnen dwa ak responsablite-mwen jan yo dekri-yo

OSWA

- ☐ Mwen ta renmen yo ban-mwen yon esplikasyon sou Pwosedir pwoteksyon dwa pou elèv eksepsyonèl.

_____/_____/_____
Non elèv-la Dat nesans

_____/_____/_____
Siyati Manman/Papa Dat

For School Use Only

An explanation of the Procedural Safeguards for Exceptional Students has been provided on:

_____/_____/_____
by: _____